Mwari Vane Nzira YaVakapa

Manheru akanaka, vashamwari. Mukana mukuru kuva pano manheru ano muodhitoriyamu ino, kushumira kuvana vaMwari, kune vanorwara nevanotambudzwa, pamwe nokushumira kune avo vasati vaponeswa, nenzira yeruponiso. Uye tine urombo kuti uno ndiwo unofanira kunge uri usiku hwedu hwekupedzisira mumbuserere ino yakatsaurwa, yeshumiro idzi dzinotevedzana, asi zvemazvirokwazvo tinoda kutenda mumwe nomumwe wenyu nokuda kwemushandirapamwe wenyu unoshamisa, nokuda kwezvose zvamatiitira, muchitipa kutenda kwenyu, uye nezvenyu. . . zvose izvo zvamaita. Tinozvikoshesa kubva pakadzika pemoyo wedu. Ziendanakuenda roga ndiro richataura kuti tinokoshesa zvakadini.

2 Uye tinoda kupa kutenda kuHama yedu Cauble, nokutitsigira nemari muguta rino; uye pamwe nomushandirapamwe wakanaka watava nawo navo pamwe nekereke yavo, uye nevanhu vavo. Uye tinotenda imi mose mabva kunzvimbo dzakasiyana-siyana, vabva kuIndiana nemunharaunda, nematunhu akapoteredza. Hauna kana kumboshambadzirwa kunze uko. Ndinofungidzira kuti makangozviwana kubudikidza nematsamba, neimwe nzira, kuti uchange uri pano. Nokuti, tinoziva kuti hataizowana nzvimbo yakawanda muchechi iyoyo. Zvino takafunga kuti, kana zvikasvika pakuipisisa, zvadaro pamwe taizowana usiku umwe kana uviri tiri muodhitoriyamu.

3 Zvino, tinotenda nokuda kwevanhu vatendera kuti tive nenzvimbo ino manheru ano, nokuti tinozvikoshesa izvozvo, kuti vatizarurire nzvimbo ino kuitira shumiro dzino manheru ano eSvondo, kuti Ishe Jesu Kristu vabwinyiswe. TinoVatenda.

4 Uye zvino, apo pandanga ndiri kupinda zvino, munun'una wangu naBilly, nevamwewo vanga vakamira kunze uko, vanditaurira kuti kwanga kuine mari yakakwana, inokwanirana kubhadhara zvikwerete zvose. Vabhadhara rendi yose yepachechi, uye nepepanhau, pamwe nevachengeti vechechi, nemumhanzi, pamwe nekushambadzira kwese kwemupepanhau, nenhepfenyuro yemuredhiyo. Zvinhu zvose zvabhadharwa, zvizere kusvikira manheru ano. Ndinofunga kuti vawana yakakwana, nokudaro zvasiya mupiro werudo wamanheru wakasununguka kuve wangu.

5 Izvozvo, ndagara nguva dzose ndichiedza kuchengetedza, sokuziva kwenyu, zita rakanaka pane zvemari. Isu hatidaro. Uye kana pasina yakakwana yokubhadhara zvinhu, zvadaro ndichaitora kubva mumupiro wangu werudo. Zvino mupiro

werudo, handaitomboutori, dai ndanga ndisiri munhu murombo uye ndichifanira kurarama sezvatinongoitawo isu tose. Dai ndaigona kushanda, pamwe nokuramba ndichiita misangano iyi munyika yose, handaitombotaura nezvemupiro werudo wangu pachangu. Kungobhadharwa bedzi kwezvinoda mari ndizvo zvoga zvatinoda. Uye hazvisi kunzi muLouisville yoga, ndizvo zvazvanga zviri kwese pasi rose. Zvino kana ndichiri kurarama, uye Mwari vachindibatsira, zvicharamba zvakadaro. Kwete mari; handisi kutsvaka mari. Ndiri kuedza kuti vanhu vatende Ishe Jesu Kristu, kuitira ruponeso rwavo pamwe nokupodzwa kwavo.

6 Uye chegumi chenyu, nezvimwe zvakadaro, zvamakaisa, musvondo rino rapfuura, zvaenda kunoita saizvozvo. Zvino neSvondo manheru, vanowanzoti, kana kuti usiku hwokupedzisira hwemusangano, ungava upi zvawo, svondo rimwe chete kana masvondo maviri, mazuva gumi kana mangani, vanonditorera mupiro werudo. Zvino kana paine imwe imomo inenge yasara, inoenda yakanangana nemabasa ekunze kwenyika. Zvimwe kuda munyori wangu nevamwe vanochengetedza zvemari, nezvimwe zvakadaro, vagere muno iye zvino, nemudzimai wangu nevamwe, vanoziva kuti ichi ichokwadi. NaMwari Samasimba, Uyo ari iye Mutongi wedu, anoziva kuti ichokwadi. Zvino nokudaro tiri kukutendai nokuda kwezvose zvamakaita.

7 Zvino, uno zvauri iwo husiku hwekuvhara hweshumiro, zvino tichatanga mangwana kuenda kuShreveport, Louisiana, kutangira shumiro ikoko muMunicipal Auditorium; shumiro inotevera ndipo paichazotangira.

8 Zvino tinozobvapo toenda kuDenver, Colorado, uko veChristian Business Men, vekuDenver, ndivo vanotitsigira nemari ikoko, mu—mumbuserere. Uye ndinotenda kuti iCivic kana kuti City Auditorium ikoko; hakuna machechi ari kutsigira nemari, kunze kweveChristian Business Men voga.

9 Zvino kubva ipapo, tinoenda ku—kuEdmonton, Alberta. Uyezve kubva ipapo, kuenda kuGrand Prairie, British Columbia; Dawson Creek; kuenda kusvika kumusoro kunyika yemaEskimo.

10 Zvino tinozodzoka zasi zvakare, kuno, tichitangira zasi kuno mumatunhu ano zvakare, muna Chikumi, kunenge kuri uko muDes Moines, Iowa. Zvino tinozoenda kumaMethodist campgrounds paCedar Lake, kukonivhenisheni ikoko; uye nokuzoenda kuPacific Northwest.

11 Zvino kuzobvako, nokuenda kuDurban, South Africa. Nguva dzino, hakusi kusarudza kwangu, kuronga kwangu. IZVANZI NAJEHOVHA. Zvino kwave kuenda kuAfrica; India; Palestine; Luxembourg; Frankfurt, Germany; nekuLondon; tevere kuParis; shure kwazvo tozodzoka kumusha.

12 Zvino kubva ipapo, tinofanira kuzouya muna Ndira kana Kukadzi, toenda kuNew Zealand, Australia, nekuMabvazuva.

13 Zvino ndichange ndakatarisira minamato kubva kuLouisville, Kentucky, kutsigira musangano uyu watiri kuendera, pahurongwa hwerwendo.

14 Pane imwe yenguva, kana zvikaitika kuti ndadzoka kunyange mushure megore kubva nhasi, pane vazhinji vagere muno manheru ano, zvichida, vachange vasisipo, kana ndikange ndararamiswa. Muungano yakakura zvakadai, o, chiuru chevanhu kana kudarika, zvingavei, pachange—pachange paine vazhinji venyu vachange vaenda. Zvino ndichasangana nemi zvakare, mamwe emangwanani anobwinya, parumuko, apo vatsvene (vakadzikinurwa) vanodzoswa panyika zvakare, kuMireniyamu huru. Ndinotarisira kurarama Ziendanakuenda risina magumo pamwe nemi muHumambo hwaMwari, uhwo hwandakamiririra pano manheru ano.

15 Mwari vakuropafadzei mose. Uye handidi kuwana wandinosiya. Madzimai maduku anoridza mumhanzi uye, o, munhu wose, Mwari vakuropafadzei.

16 Zvino mungava wangu, manheru ano, kutaura kwenguva shoma zvakare. Uye handizivi nguva yatinofanira kuvhara odhitoriyamu. Asi tave kutanga panguva, dza eight-thirty, zvichida ndotaura kwechidimbu cheawa; zvino totanga mutsara wedu wekunamatira, tichinamatira vanorwara.

17 Uye zvino imi vanhu Makristu vanodikanwa pano, vemuLouisville, Kentucky, neJeffersonville, New Albany. Rimwe remazuva ano, ndichada kushambadzira musangano munyika yose, zvino ndobva ndava nezitende, guru rakaiswa kuno, rinogara zviuru zvakati kuti zvevanhu, zvino tova nerumutsiriro rwakare. Ndizvo zvandinofunga kuti ndizvo zvatinoda muLouisville, kuva nerumutsiriro rwakare, rwakatumwa naMwari. Imi namatai. Kana Ishe vakatungamirira nenzira iyoyo, ndinouya.

18 Iye zvino pane misangano miviri kana mitatu yekunamatirwa kwevarwere iri kuitwa muguta. Ndicho chikonzero tisina kuuita wenyika yose. Tangouya kuchechi yeHama Cauble, munoona. Uye hatina kuuya pano kuzova vakwikwidzi kuhama dzimwe idzi. Hatitendi mukuva vakwikwidzi kuchinamato chaJesu Kristu. Tiri hama, pamwe chete, tichishandira pamwe chete pane zvose zvatinogona, kuti zvigonakira Humambo hwaMwari, nekereke yoga-yoga, munhu wose.

19 Tinogona kusiyana zvishoma pamafungiro, vashumiri, asi kwete kuvanhu. Tichiri kutenda kuti Ropa raJesu Kristu rinotishamba kubva pakusarurama kwose. Tinova vanakomana nevanasikana vaMwari nokureurura zvivi zvedu pamwe nokugamuchira Ropa iri, zvisinei kuti uri wekereke ipi. Uye

tinozvitenda nemoyo wedu wose. Misangano yangu inogara nguva dzose iri yekuvhangera kunobatanidza vose, kana kuti inosanganisira masangano ose, nokudaro tinovimba kuti Mwari vachakuropafadzai mose.

20 Zvino, patinenge timire, kunyanya, muguta kana imwe nzvimbo, hatisi pano kumiririra kupodzwa naMwari. Hatisi kana kutomboratidza zvekupodzwa naMwari. Tiri kuratidza Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Zvino paunoratidza Jesu Kristu, unoratidza kupodzwa naMwari. Nokuti, zviratidzo zvokufa kwaKe, zvinotipa ruponiso, nokupodzwa kwemiviri yedu.

21 Uye hapana—hapana simba riri mumunhu upi zvake, rinogona kupodza mumwe munhu. Kupodzwa kwakatotengwa kare paKarivhari. Uye chinhu choga chatinogona kuita kunongedzera munhu uko kune icho Chipiriso chakakwana zvizere, chakaitwa kamwe chete naJesu Kristu Mwanakomana waMwari. Imomo, tinongotarisa torarama. Mwari vakagadzira nzira, uye tinoigamuchira.

22 Mushumiri haana munhu waaigona kuponesa; aigona chete kuparidza Evhangeri, kana akazodzwa neMweya Mutsvene, achinongedzera vanhu panzvimbo iyo yavakaponeswa. Vakaponeswa, mazana gumi nemapfumbamwe emakore akapfuura, paKarivhari. Unofanira kuzvigamuchira seMuponesi wako pachako zvino, kuti uwane betsero, kana pundutso, kubva pakufa kwaKe, uye ugofadzwa nezvinhu izvo zvaAkafira.

23 Iye zvino, nekupodzwa naMwari chinhu chimwe chetecho. “Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, ndokurwadziwa nokuda kwezvakaipa zvedu, kurohwa kwakaunza rugare rwedu kwakave pamusoro paKe, nemavanga aKe takapodzwa,” zvose muzuva rimwe chete, neMunhu mumwe chete. Hazvipatsanurike, zvinofambirana zviri pedyo, chimwe pamwe nechimwe; Ropa richiyerera kubva nekumusana kwaKe, uye nerimwe raibva muronda raKe, rakasanganiswa pamwe chete ndokuyerera richibva nepatsoka dzake. Munoona, ndizvozvo. Ruponiso, kupodzwa, rugare, kugutsikana, mufaro, zvose zvatinoda murwendo rwepano panyika, zvakazadzikiswa paKarivhari. Uye Mwari vachashumira kune wose achazvigamuchira pahwaro ihwohwo uye achizvitenda nemoyo wavo wose.

24 Zvino, “Mwari vakagadza muKereke, vamwe vadzidzisi, vaapostori, vaporofita, zvipo zvokupodza,” uye, o, mhando dzakasiyana-siyana dzezvipo. Vakazviisa muKereke “kuti Kereke ikwaniswe,” kuisa Kereke pamwe chete.

25 Uye zvino mazuva adarika kubvira pakava neboka rokutanga ravaapostora. Vaiva nezvipo zvose zvipfumbamwe zvichishanda mukereke.

Munguva yechipiri, vakatanga kutonhora.

Munguva yechitatu, vakanga vatopera.

Zvino ndokupinda mumakore mazana gumi nemashanu emazera erima.

Zvino ndokuzouya kuvandudzwa.

26 Mushure mokuvandudzwa, kwakauya kucheneswa; mushure mokururamiswa kwakauya John Wesley, achiparidza kucheneswa. Imomo makauya Calvin, Knox, neavo vose vakauya vakapinda muchiPentecosta, chiNazarine, muzera iroro.

27 Uye zvino tave kunyatsofamba tichipinda mune rimwe zera guru, kuuya paKubvutwa kweKereke. Uye imomo, tiri kurarama munguva yekudzoreredzwa kwezvipo. Zvakagumbura makereke avo makuru akanaka akawanda; zvakaita kuti maNazarene adzoke shure; zvikaita mipengo yakawanda kubva muPentcosti. Asi, zvakadaro, Mwari vari kufambira mberi, vachiunza Kutenda kweKubvutwa kweKereke yaVo. Ndizvozvo chaizvo. Saka, manheru ano, ini ndakamiririra Kutenda ikoko, "Kutenda kwambopiwa kuvatsvene," nenzira yechipo chaMwari.

28 Zvinova izvo, pakuona kwangu, "Zvipo nokudanwa . . ." Kwete maonero angu; asi Bhaibheri rinotaura, kuti, "Zvipo nokudanwa hazvinei nokutendeuka." Hapana zvaunogona kuita pamusoro pazvo. Haukwanise kuzviita kuti uve nemaziso eblue apo iwe uine ebhurauni. Unongori zvauri, nenyasha dzaMwari.

29 Hautombokwanisi kuuya kuna Mwari kunze kwekunge Mwari vakudana kutanga. Haukwanise kutsvaka Mwari kunze kwekunge Mwari vakutsvaka kutanga nokukudana. "Hakuna munhu anokwanisa kuuya kwaNdiri, kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva." Saka, Mwari vari kutsvaka. "Mwari vakagadza muKereke . . ."

30 Zvino kubvira ndiri mwana muduku, akazvarirwa muno mudunhu reKentucky, zviratidzo zvinongouya kwandiri zvakangofanana ne—nekudya kana zvimwewo hazvo. Zvinongori sokuda kwaMwari, ndiVo vanozvipa. Ini ndinongoita sezvaVanonditaurira kuti ndiite.

31 Zvirokwazvo, ndine vatsoropodzi vakawanda. Ndine vanhu vakawanda vasingazvitendi. Zvisinei kuti kwaitikei, vanozvipokana, kunyange zvakadaro. Ndinotarisira kuva nezvakadaro. Uye dai ndanga ndisina zvakadaro, ndaienda kune imwe aritari pane imwe nzvimbo ndosvikoti, "Ishe Vanodikanwa, chii chakakanganisika pandiri?"

32 "Nokuti avo vose vanorarama zvine humwari munaKristu Jesu vachatambudzwa." Ndizvo. Tinofanira kukuwana. Ndizvozvo chaizvo.

33 Saka, Jesu akakuwana. Uye Akati, kana . . . PaAigona kumira muungano yaKe, uye nokuziva (vanhu) zvaivanetsa, uye kuti vainge vapodzwa here kana kuti kwete. Zvino vakamubata,

nokutenda kwavo—kwavo. Paye paAkatendeuka akati, "Ndiyani waNdibata?" Akati, "Kutenda kwako kwakuponesa. Zvino kubuda ropa kwako kwamira. Kutenda kwako kwakupodza."

34 Mumwe mudzimai akauya kwaAri pane imwe nguva. Kana kuti, Akanga akamira paive nemudzimai uyu; pachidziva, kana kuti panonwirwa mvura, patsime, tsime raJakobho. Zvino mumwe mudzimai akauya, zvino Akava nehurukuro naye kwechinguvana kusvikira Awana dambudziko rake. Ndokuti, "Enda unotora murume wako."

Iye akati, "Handina kana."

Ndokuti, "Ndizvozvo chaizvo. Une vashanu."

35 Iye, paAive pano, Aiziva paiva nehove, yaiva nekobiri mukanwa mayo. Aiziva paive pakamira manyurusi maviri, akasungirirwa, apo paisangana nzira mbiri. Uye aiziva paiva nemurume ainge akatakura chirongo. Zvinhu zvakawanda izvo zvaAiziva. Akaziva Firipi paakauya kwaAri, kuti akange achinamata asati auya, ari pasi pemuti; ndokuziva kuti aive murume akanaka, akarurama.

36 Asi Akati, neMashoko aKe Omene, "Hapana chandinogona kuita pachaNgu, kusvikira Baba vaNdiratidza zvokuita." Vose vanotenda Gwaro iri, itai "ameni." [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ndizvo zviri, Johane 5:19.

37 Akapfuura nepaive nemhomho huru yevanhu, zviuru zviviri kana zvitatu zvevanhu vaivemo; mhetamakumbo, vemitezo yakamonyoroka, vakaremara, vakaoma mitezo, mapofu, vane mitezo yakaputana; azere nerudo nekunzwira, akafamba akapfuura nepane mumwe nomumwe wavo. Ndokupodza mumwe murume aiva nechirwere chiduku, pakuratidzika kwacho. O, handizivi; aigona kunge angobatwa nefivheri yakaipa yechando, pakuziva kwangu. Ichi, akave nacho kwemakore makumi matatu nemasere. Chakanga chisiri kuzomukuvadza kana kumuuraya; chaive chisina simba. Zvino Akapodza murume uyu, ndokufamba achienda akasiya mhomho iya irerepo. Zvino paAkabvunzwa, Akati, "Hapana chandinogona kuita Ndoga, asi zvandinoona Baba vachiita."

38 Zvino pane dzimwe nguva vanhu vanoda kuti Aite dambe nazvo, pavakaona kuti Aive nesimba racho. VakaMubvunza. Herudhe akati, "Ndiitirewo chishamiso. Rega ndiKuone uchiita chimwe chinhu." Zvino akaMukumbira kuti azvitaurire Oga. Akamira, sokunge, chimumu pamberi pevaveuri vake, segwai rinonyarara pamberi pavaveuri.

39 Vakamoneredza chijira mumusoro waKe, rimwe zuva, rimwe boka remasoja aitsoropodza, ndokuMurova mumusoro, vachiti, "Zvino kana Uri muporofita, kana Uchiziva zvinhu zvose izvi, nezvimwe zvakadaro, titaurire kuti ndiyani Akurova. Tiitire chishamiso."

40 Satani paakasangana naYe kekutanga, Satani akati, "Zvino kana wandiitirawo chishamiso, ndinobva ndatenda kuti Uri Mwanakomana waMwari. Shandura mabwe aya kuti ave chingwa. Rega ndiKuone uchizviita."

Jesu akataura Gwaro achiridzosera kwaari.

41 Uye zvadaro, nguva dzose, Satani aida kuMuona achiita chishamiso. Vanhu vakagarwa naSatani, vanoda kuMuona, "Ndiitirewo chimwe chinhu. Rega ndiKuone uchipodza *uyu*. Rega ndikumare paruoko rwaKo; zvino ukarwupodza ndinobva ndaKutenda." Hezvoka. Mweya wakaipa mumwe chete wakati, "Buruka kubva pamuchinjikwa iye zvino tigoKutenda. Maoko ako akabairirwa kumusoro uko. Uri kudana Eriya; regai timuone achiuya, kuzoKudzikinura iko zvino. Kana Wawana kufarirwa kwakawanda maAri, muna Mwari, regai tiMuone achiKudzikinura. Buruka kubva pamuchinjikwa tigoKutenda. Ita chishamiso pamberi pedu."

42 Zvishamiso zvagara zvichigumbura uyo asingatendi. Asi, kunyange zvakadaro, Baba vedu voKudenga ndiMwari vanoita zvishamiso, saizvozvowo. Ndizvozvo. Kwese kwaVakave nguva dzose, mushumiro yose yaVakambova, uko kwaVakambova nevashumiri vaVo, kwakava nezviratidzo, mashura, nezvishamiso.

43 Zvino Ishe vakuropafadzei, apo ndiri kuverenga chikamu cheGwaro pano kwenguva shoma, zvino tinozopinda mushumiro, zvino tobva pakarepo tapinda mushumiro yokupodzwa.

44 Zvino tarirai. Jesu, paAive pano panyika, Akati, "Zvino, zvinhu zvaNdinoita, nemiwo muchazviita. Muchaita zvakawanda kudarika izvi, kana kuti zvinodarika pakukura, nokuti ndinoenda kuna Baba vaNgu. Zvino kwechinguvana," Ndiri kutaura mashoko aJesu, "kwechinguvana nyika haizoNdionizve, asi iMi muchaNdiona, nokuti Ndichave nemi, uye maMuri, kusvika kumagumo enyika." "Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi."

45 Makristu mangani ari muno, manheru ano, vanotenda nemoyo wavo wose, kuti Jesu akamuka kubva kuvakafa uye mupenyu manheru ano? Tionei ruwoko rwako. [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Saka, kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, haAngaite here, manheru ano, muKereke yaKe, chinhu chimwe chete chaAkaita muKereke yaKe, paAiva pano panyika, ari munyama? ["Ameni."] Maona? Zvinongori . . . Mweya Mutsvene ndiwo Mweya waJesu Kristu. Ari pano ari muchimiro chemweya, achingori mupenyu sezvaAiva; pano, achigara matiri, achiita zvinhu izvo zvaAkaita paAkanga ari pano pasi, sechisimbiso chokuva kwaKe pamwe nesu. "Ndichave nemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika." Ishe vakuropafadzei.

Ngatinamatei.

46 Baba voKudenga, manheru ano, wanai mbiri, Baba voKudenga, kubva mukushingaira kwedu kwatiri kuedza kuita tichiitira mbiri yeNyu. Zvino herinoi Shoko, pano papurupiti, rakazarurwa. Asi ndiani anogona kurinzwisisa? Nokuti, rakanyorwa nokufemera, rakavimbisa, kuti, "Rakavanzika kubva kumeso evakachenjera nevakangwara, uye richizarurwa kuvacheche avo vanogona kudzidza." Zvino, Baba, tinonamata kuti Muchaita kuti tizvione sevacheche, vasina chavanoziva, kuti tigodzidza zvimwe zvinhu kubudikidza nechizaruro cheMweya Mutsvene. Dai Akatora Shoko raMwari zvino agoRipa kumoyo wose sokushuva kwedu. Nokuti takumbira nemuZita raKe. Ameni.

Muna Genesi . . .

47 Kuri kungoti dziyei zvishoma kumusoro kuno; ndinofungidzira kuti kwakadarowo kunze uko, zvakare. Kana vatariri venzvimbo vakangotiwedzera mweya mushoma mumba muno, kuitira kuti vanhu vagonzwa zviri nani. Ndiri kuona vamwe vavo vari kuzvipumhira mhepo.

48 Zvino, muna Genesi chitsauko 22, ndiri kuda kuti mutarire mashoko mashoma pano; ipo pakuvharwa kwemusangano uno, weEvhangeri. Ndinofarira nguva dzose kuti, kana kuverenga rimwe reShoko pano, nokuti Shoko iri harizopfuuri. Uye Rinogara muna Zienda nakuenda, nokusingaperi.

49 Uye kana paine zvandingataure maererano nemusoro wemharidzo, manheru ano, ndinoda kutaura pamusoro pokuti: *Mwari Vane Nzira YaVakapa*. Vane nzira yavakapa yokuuya kwaVari. Vane nzira yavakapa yokupunyuka nayo. Uye Vane nzira yavakapa yechose chatinoda. Kana tikangogona kuwana nzira yacho yakapiwa naMwari, zvadaro tinova nechokwadi chekuchiwana. Kana Mwari . . .

50 Kana imba ino yakapiwa pano kuchengetedza, mvura kuti isatinaye; kana tikangopinda muimba iyi, zvadaro tinenge tisisanaiwe.

51 Kana Mwari vakapa nzira yeruponiso, tinogona kuwana nzira yakapiwa iyi, tinogona kuwana ruponiso. Kana Mwari vakapa nzira yekupodzwa naMwari, zvino tinogona kuwana, topinda munzira iyoyi, tinowana kupodzwa naMwari. Kana Vakapa rugare kuitira avo vasina kudzikama, zvino kana tikapinda munzira iyoyo towana nzira yaVakapa, tinogona kuva norugare.

52 Zvino kuverenga kubva pandima 7 yechitsauko 22. Cherechedzai izvi zvino; nyaya huru, yemutambo uri pano mberi kwedu.

Zvino *Isaka akataura naAbrahama baba vake, akati, . . . baba:* zvino *iye akati, Ndiri pano hangu,*

mwana wangu. Zvino *akati, Hoyu moto nehuni: asi gwayana rechibairo chinopiswa riripiko?*

Zvino *Abrahama akati,* Mwanakomana wangu*, Mwari* achazvipa *amene gwayana rechibairo chinopiswa:. . .*

53 Dai Ishe vawedzere maropafadzo aVo pakuverengwa kweShoko iri. Ndingangoverenga, zvichidavirira kune izvi, ndima 14, zvakare.

Zvino Abrahama akatumidza nzvimbo iyo zita rinonzi Jehovha-jire: saka nanhasi vanositi, Pagomo raJEHOVHA ndipo paachaonekwa.

54 *Jehovha-jire* raiva zita raMwari rerudzikinuro. Mwari, shoko rokuti *Jehovha-jire*, rinoreva kuti, "Mwari Vomene vachazvipa chibairo." "Mwari vachagadzira nzira," tingati. Zvino, Mwari vaiva nemazita akapetwa kanomwe orudzikinuro; Jehovha-jire, naJehovha-manase, naJehovha-rafa Mupodzi, nemamwe ose mazita akapetwa akasiyana-siyana aAiva nawo, izvo zvaAiva, achimiririra zvaAiva kuvanhu. Zvino chibairo chakapiwa ichi, manheru ano, *Jehovha-jire*, "Ishe Vomene vachazviwanira gwayana."

55 Nyaya yemutambo mukuru uri pamberi pedu, apo—apo tave kupindamo zvino, dai Mweya Mutsvene atora Mashoko mashomanani anotevera agosunga moyo wose.

56 Zvino uno ndiwo usiku hwekupedzisira hweshumiro, zvino ndinoda kuti mumwe nomumwe wenyu mundipewo nzeve dzenyu, mugonyatsoteereresa zvino. Tiri kuedza kuenda pakukunda kukurusa kwemusangano. Uno ndiwo usiku hwekupedzisira. Kazhinji panoita vanhu vakawanda vanopodzwa pausiku hwekupedzisira kudarika mamwe mazuva ose emusangano; kutarisira kukuru.

57 Satani anorwisa zvakawedzerwa. Zvinoita sokunge, zvinhu zvose zvinovhiringika, nokuti Satani ari kuedza kuchengeta vanhu vari mukusungikana, nezvimwe zvose, kuitira kuti agovachengetedza vari kure nenguva huru ino yekumanikidzwa yatave kupinda mairi zvino, yezvikuru, sezvatingangoti, "Kuenda kuchinopedzisa basa zvino."

58 Akatorohwa kare, ari mukona. Atofumurwa, pamwe nemano ake ose aiswa pachena. Uye varume nemadzimai vagamuchira Jesu Kristu seMuponisi wavo. Vanhu vane kenza nenhuta, ne—nezvimwe zvose, vakapodzwa; magwaro avanachiremba achisimbisa kuti ichokwadi.

59 Zvino pano pane boka revanhu vagere pano manheru ano, vagere, vakamirira vari pasi pekutarisira kukuru. Zvino Satani, kana akagona kuvhiringidza pfungwa yako, ndizvo zvoga zvaanongofanira kuita. Asi ngatichiendai zvino pakunopedziswa kwebasa kukuru, iko zvino, kudzingira Satani nemasimba ake ose kunze kweimba ino, kuti Mwari vagowana

mukana uye vagopodza murwere wose, kuitira kuti Mwari vawane mbiri.

60 Zvino, tateguru Abrahama akauya achibva kuShinari, kubva kumasvingo eBhabheri. Iye pamwe nababa vake vakafamba vakadzika kuma—mapani. Zvino ipapo, Abrahama, pazera remakore angaita makumi manomwe nemashanu, Mwari vakadana Abrahama, nokusanangura, ndokumubuditsa kubva munyika yake, vachimuudza kuti akanga achazova nemwana nemudzimai wake, Sara, uyo aiva nemakore makumi matanhatu nemashanu panguva iyoyo. Mwari vakavimbisa. Ndinoda kuti muone kuti vimbiso dzaMwari ndedzemazvirokwazvo zvakadini kune avo vanoigamuchira. Zvino Vakamuudza zvaVakanga vachazoita. Zvino iye ndokubuda achibvapo, asingazive kwaainge ari kuenda, asi akanogara munyika yaasingazive.

61 Mwari, kana Vachinge vadana vanhu, Vanovadanira kuti vazvipatsanure zvachose kubva kuzvinhu zvose zvenyika; kuparadzwa zvachose kubva muzvinhu zvenyika. Zvipatsanure, Mwari vanokuropafadza. "Ibvai pakati pavo; musazvibatanidze muzvivi zvavo." "Usazvibatanidze nevanhu vasingatendi, asi zvibatanidze nevatendi, vagari pamwe newe vemuHumambo."

62 Zvino Abrahama akatozotora mudzimai wake ndokubuda munyika. Asi akatenda Mwari, nokutenda. Hawaigona kuzvibata nepfungwa. Hapana nzira yokuziva kuti azozviita sei. Uye kuti, mudzimai uyu, waakararama naye kubvira achiri musikana muduku; vose vari vaviri, vari vanhu vaduku, vane utano, mazuva ose aya; kusvikira asvika makore makumi mana, makumi mashanu, makumi matanhatu, zvichida adarika nguva yekubereka nemakore angaita makumi maviri nemashanu. Zvino Mwari vakati, "Uchava nemwana nemudzimai iyeyu." Zvino Abrahama akatenda Mwari; zvichipesana nezvose zvinonzwisisika, zvichipesana nekunzvera kwese kwesainzi, kunyange kusvika muzuva rino. Ko zvaigoitika sei kuti mudzimai, ane makore makumi matanhatu nemashanu, agova nemwana? Asi Mwari vakati akanga achazozviita, saka Abrahama akazvitenda.

63 Saka akabuda, asingazivi kwainge ari kuenda. Zvino, pakupedzisira, mushure mokunge Sara akange ave pedyo nezana remakore, Abrahama akanga achiri kungotenda. Ndiri kuda kuti muzvione. Achiri kungotenda chete kuti Mwari vakanga vachazochengeta vimbiso yaVo, akanga ave negadziriro yose inodikanwa yemwana. Zvino pakupedzisira muduku uyu akazouya. Mwari nguva dzose vanozviita nenzira iyoyi. Vakaunza mwana mumwaka chaiwo wakafanira.

64 Munoona, pazvaitora nguva yakareba, Abrahama akafunga, "Zvakanaka, handina kumuwana nhasi. Handina kumuwana mwedzi uno. Handina kumuwana mwedzi wapfuura. Asi zvisinei kuti inguva yakareba zvakadini, kutorebesa kwayo,

ndiko kuchembera kwandiri kuita, zvinenge zvatove chishamiso chakawedzerwa." Ndokupa kurumbidza kunaMwari nokuda kwazvo.

65 Panzvimbo yokuva nohutera, sezvatinozova; wanamatirwa, manheru ano, uye wobva—wobva wapodzwa; woti wakabva warwarisa pane ramangwana, unoti, "O, saka, hazvibatsiri." Ndicho chikonzero; usingakwanise kuchengeta Shoko raMwari.

66 "Shoko reNyu ndakarivanza mumoyo mangu, O Ishe!" Dhavhidha! Vanza Shoko raMwari mumoyo mako, zvadaro Mwari vanozochengetedza Shoko iroro. Mwari vanosungirwa kuchengeta Shoko raVo. Mwari havasungirwe kupodza, kuti varatidze simba raVo. Asi Vanofanira kupodza, kuti vachengete Shoko raVo. Ndizvozvo chaizvo. Mwari havasungirwe kuwana chavanoratidza. Ivo ndiMwari. Asi zvaVanotaura, Vanosungirwa kuShoko raVo. Kana newewo neni tinosungirwa kushoko redu. Uye Mwari vanosungirwa kuShoko raVo.

67 Saka kana kupodzwa naMwari kuri muShoko, zvakatokwana. Kana "Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, nemavanga aKe takapodzwa," ndicho chaiva chibairo, zvakakwana. Kana ndiri ini, ndizvo zvoga. Kana Mwari vakambozviita uko, ndokuvimbisa kuti Vaizozviita, zvakatokwana.

68 Ndizvo zvazvaive kuna Abrahama. Zvisinei kuti kwauyei kana kwaitikei, Abrahama aizvitenda kunyange zvakadaro. Zvichida akagadzirira zvinhu zvose zvemuduku uyu, zvino Mwari ndokumusiya kusvikira ava nezana remakore; ndokumushandura iye pamwe naSara kudzoka kuva mudzimai wechidiki, murume wechidiki zvakare, ndokuvapa mwana wacho.

69 Hepanoi, mufananidzo wakanaka zvakadini watiinawo zvino pamberi pedu, watakatarisa. Heunoi mujaya uyu, asvika makore anenge gumi nematanhatu, gumi nemanomwe, chido chemoyo wemutana uyu nemudzimai; akaisvorurama, mukomana muduku.

70 Zvino Mwari vanotaura kuna Abrahama, umwe usiku, ndokuti, "Abrahama, mutore uende naye kumusoro uko kugomo, ugomupirisa. Umuuraye." Asi, zvakadaro, Mwari vakanga vavimbisa Abrahama, kuti, "Nemuna Isaka marudzi ose enyika aizoropafadzwa." Ko aizoita sei zvino, mushure memakore ose aya akamirira, achitenda; uye zvino mushure mokunge nguva yose iyi yapfuura, ko zvichaita sei kuti mwana . . . Tariro yoga yevimbiso yaMwari, zvino Mwari vakaudza Abrahama kuti aparadze tariro yose yaaive nayowo zvakare.

71 Munoona maitiro aMwari? Miyedzo! Mwari vanotendera dzimwe nguva kuti uti rwarisei mushure mokunge wanamatirwa, kuti vangokuedza. Miyedzo pamwe nekuyedzwa kwekutenda! Asi, "Uyo anotsungirira." Hezvoka izvo. Batirira;

tora Mwari paShoko raVo. Tenda Shoko rose raRo. Zvisinei zvingataurwe kana kuitwa nechimwe chinhu; Zvitende, zvakadaro. Zvisinei kuti mamiriro acho ezvinhu anoratidzika zvakaita sei; tenda Mwari, zvakadaro.

72 Zvino, ndipo Mwari vanoti, "Iwe tora mukomana uende naye kumusoro uko. Ndicharopafadza nyika yose naye. Wakamirira kwemakore ose aya; zvino wave nezana remakore okuzvarwa, zvingaita makore zana negumi nematanhatu, negumi nemasere, okuberekwa. Zvino ndinoda kuti ugotora mukomana muduku uyu, umutore uende naye pamusoro pechikomo ikoko ugomuuraya."

73 Zvangu ini, o, zvakaita sezvisinganzwisisike zvikuru, zvisina pfungwa, kuti Mwari vanoraira Abrahama kuti aparadze mwanakomana wake oga. Asi, seri kwazvo zvino, tinoona mufananidzo wavainge vari kugadzira; Mwari vachipa Mwanakomana waVo oga.

74 Abrahama akanga asingadi kuudza amai vacho, ndizvo chaizvo, zvaizogodora moyo wavo. Vakagadzika saduru pamanyurusi, ndokutora vamwe varanda vashoma, ndokutasva vachienda kugomo.

75 Ndinonyatsoda chikamu ichi pano. Zvino akasvika kwaive negomo, zvino ndokuti kumuranda, "Iwe chimirira uri pano zvino, apo mukomana neni tichaenda mberi uko kunonamata. Uye mukomana neni tichadzoka."

76 Ko aizodzoka sei, apo ainge ari kunomuuraya? Asi Abrahama waizviziva izvi, zvokuti, "Akange amugamuchira mumufananidzo, seuyo wakabva mukufa, uye Mwari vaikwanisa kumumutsa kubva mukufa." Mwari vaizogadzira nzira yokupunyuka nayo, neimwe nzira. Kuti sei, akanga asingazive. Mwari vakamuudza kuti, mutore unomuuraya, uye ndicho chinhu choga chaaifanira kuzoita.

77 "Iwe chimirira uri pano. Mukomana pamwe neni tichaenda mberi uko kunonamata, uye mukomana pamwe neni tichadzoka."

78 Cherechedzai, Isaka muduku akatakura huni, ndokukwira chikomo. Baba, vachitungamira; Isaka, kumashure, aine huni kumusana kwake. Zvitarisei, mufananidzo wakanaka wemakore mazana masere aizotevera, Mwari vachitungamira Mwanakomana waVo achikwira Karivhari, aine huni kumusana kwaKe, dzechibairo. Mufananidzo, Mwari vachigadzira nzira yokupunyuka nayo.

79 Zvino, apo Abrahama akasvika pamusoro pagomo, ndokukungurutsa mabwe pamwe chete ndokuvaka artari, ndokuwaridza huni pasi; mukomana muduku ndokuti, "Baba?"

Akati, "Ndiri pano, mwanangu."

80 Akati, “Heinoi artari, uye hedzinoi huni, ko gwayana rechibairo riripiko?”

81 Zvino Abrahama, nenzwi raidedera, akati, “Mwari vachapa gwayana rechibairo.” Tarirai panguva iyi yerima. Asi, kutenda, kusina kusvibiswa, hakuna kumutendera kuti apokane Mwari. Cherechedzai. O, ndinombotarisa nyaya iyi pane dzimwe nguva ndobva ndachema nemufaro.

82 Abrahama akasunga ruoko rwemwanakomana wake, ndokumuradzika paartari; ndokuvhomora banga kubva pabhanire rake, uye akanga agadzirira kutora upenyu hwemwanakomana wake, nokuti Mwari vakanga vamuudza kuti azviite.

83 Zvino panguva iyoyo, Inzwi rakadanidzira kubva Kudenga, rikati, “Abrahama, dzosa ruwoko rwako!” Zvino Mweya Mutsvene pawakabata ruoko rwake, wakati, “Ndinoona kuti hauna kurambira nemwanakomana wako. Ndinoziva kuti unoNdida.”

84 Zvino panguva dzimwe chetedzo, pane chimwe chinhu chakatanga kuchema murenje, chakanga chakabatwa ikoko, zvino paiva nekakondohwe. Mwari vakapa chibairo.

85 Tarirai, “gondohwe.” Yaifanira kunge iri hwai, hono, gondohwe. Mufananidzo waKristu, Uyo waizotora nzvimbo yerufu. Hecho Chibairo chakapiwa naMwari. Zvino Abrahama akazopirisa chibairo ichi panzvimbo yaIsaka. Mufananidzo wakaisvonaka zvakadini zvino! Cherechedzai, Mwari vanogara nguva dzose vachigadzira nzira. Vachagadzira nzira, manheru ano, yemumwe nomumwe wenyu.

86 Zvino Israeri, pavainge vari zasi muEgipita, vaive muhuranda pamwe nemudambudziko, zvino ndokutanga kuchema kunaMwari kuti vasunungurwe. Cherechedzai, nzira iyo Mwari yavanopa nayo ndipo apo patinenge tiri muShoko raMwari. Israeri yaiva neShoko raMwari rokuti vakanga vari kuzobuda imomo, nerimwe zuva. Nokudaro, vakaenda kunochema kuna Mwari, zvichienderana nekuda kwaMwari, kuitira kuti Mwari vagopa zvaVakanga vavimbisa kuzoita.

87 Hezvoka izvo. Uri kunamatira chinhu chiri kunze kwekuda kwaMwari, haukwanise kuchiwanira kutenda. Asi kana Mwari vavimbisa chimwe chinhu, ndinotenda kuti Vanochengetedza Shoko raVo. Saka, vaizviziva.

88 Ndicho chikonzero Abrahama akanga achiziva kuti Mwari vakanga vachazomudzikinura, neimwe nzira, nokuti Vakange vavimbisa kuti nemuna Isaka, marudzi ose epasi aizoropafadzwa.

89 Vana veIsraeri, zasi muEgipita, vaiziva kuti Mwari vakanga vavavimbisa rusununguko, nokudaro vakatanga kunamatira vimbiso.

90 Unoti, “Hama Branham, dai ndakaziva kupodzwa naMwari, kuti Mwari vakanga vakakuvimbisa!”

91 Zvakanaka, regai tizvitore kwechinguvana, Jakobho 5:14. Kana pachinge pasina musangano wokupodzwa pane imwe nzvimbo muguta, akati, “Kana paine mumwe pakati penyu, anorwara, ngaadane vakuru vekereke; vavazodze nemafuta, mugovanamatira. Munamato wokutenda uchaponesa varwere.” Ndiro Shoko raMwari, nzira yakapiwa naMwari. Ndizvozvo chaizvo.

92 Cherechedzai Israeri payakatanga kuchema. Mwari vakatanga kunzwa, ndokuvapa nzira yokupukunyuka nayo; ndokutumira Mosesi kwavari. Zvaishamisa sei, mushure mokuchemera rudzikinuro; zvino rudzikinuro parwakaunzwa kwavari, vakatadza kurwucherechedza, ndokurwuramba, zvino ndokutozotambura kwemamwezve makore makumi mana.

93 Handizvo here sezvazviri nhasi? Mwari vanokuunzira chimwe chinhu, zvino iwe unobva wachitya.

94 Mwari vakatumira Mweya Mutsvene kwamuri imi vanhu vanga vasingadi zvose izvi zvemachechi ehurongwa, nezvinamato zvetsika. Mwari vakakutumirai Mweya Mutsvene; mapoka makuru avo anoUtya.

95 Vadzidzi vakange vave kuda kunyura, umwe usiku, vari muigwa duku, zvino rakange rave kutamba-tamba riri mukati megungwa, uye vaichemera rubatsiro. Zvino pavakaona Murume mumwe oga aigona kumisa mafungu, achiuya, vakaMutya vachifunga kuti Aive chipoko. Tariro yoga yavaive nayo; vaItya.

96 Pane varume nemadzimai vagere muno manheru ano, vane kenza, dambudziko remoyo, zvirwere zvine njodzi, pasina kupokana. Zvino tariro yoga yauinayo. . .mushure mokunge chiremba aita—aita zvose zvaanokwanisa. Uri kungotya bedzi kutambanudza ruoko wovimba naYe.

97 Usatya. Tora Shoko raKe. Nyatsomira uri ikoko. Ndiyo nzira yako yawakapiwa naMwari. Mwari vakutumira pano, manheru ano, nokuda kwechinangwa ichocho. Havana kukutumira pano, manheru ano, kuti ndikunamatire. Vakatumira pano, manheru ano, kuti ugamuchire nzira yaVo yavakapa, Jesu Kristu Chipiriso chinomiririra chivi nechirwere. Ndinotarisira kuti mazvibata.

98 Cherechedzai, vakachemera rudzikinuro. Mwari vakavatumira rudzikinuro. Vakatozomiririrazve mamwe makore makumi mana kuti varugamuchire.

99 Murenje, Mwari vakavimbisa kuti vaizovapa zvose zvavainge vachida. Vakapererwa nechingwa. Zvino Jehovha-Jire mumwe chete, “Mwari vachapa chibairo,” kuna Abrahama; makore mazana mana akatevera, vakanga vachiri Jehovha-Jire, kupa zvinhu zvose izvo vana vaVo vanenge vachida.

100 Hezvinoi izvi. Ndinoda kuti zvigoenda pakadzika kudivi rweruboshwe, pasi pembabvu yechishanu. Teererai. Achiri Jehovha-jire, chibairo chakapiwa naShe. Chigamuchirei. Usangoedza bedzi kushandisa njere. Usaedza kushandisa njere; haukwanise kushandisa njere. Nzira dzaMwari hadzinzwisisike. Haushandise njere panaMwari. HauMuzive nezivo. HauMuzive nedzidzo. UnoMuziva nechinhu chimwe choga, kutenda. Haukwanise kushandisa njere. Hazvina musoro kutenda kuti unogona kushandisa njere pazviri. Haukwanise. Unofanira bedzi kungozvigamuchira.

101 Cherechedza, zvakare, munguva ino huru, inoshamisa. Vakapererwa nechingwa. Ko vachaita sei? Kana Mwari vakavaudza kuti vakanga vari kuenda kunyika yechipikirwa, zviri kuna Mwari kuvachengetedza dzamara vasvikako. Uye Jehovha-Jire wacho akanga achinyatsova navo. Uyezve pavakapererwa nechingwa, Jehovha-Jire akagadzira nzira yekuwana nayo chingwa, murwendo rwose rwemurenje. Mana yainaya kubva kudenga.

102 Vakapererwa nemvura. Ko zvinobatsirei kunetseka? Jehovha-Jire, chibairo chakapiwa naShe, chakanga chinyatsori pamwe navo. Zvino akarova dombo. Vakataura naro, kubva ipapo, mvura ikabuda yakawanda. Vakanwisa mombe dzavo dzose, zviuru zvemagarani pasekondi yoga-yoga, ichifashukira kubva mudombo raive mugwenga rakaoma. Hazvina nemusoro wese, handizvo here? Asi Mwari vakapa. Haushandise njere kuti Vanozviita sei. Vanongozviita nokuti Vakati Vaizozviita.

103 Ko zvingaitike sei kuti murwere, arere, achifa nekenza, vanachiremba vanamazvikokota chaivo vachiti hapachina tariro zvachose, ko vangagopora sei? Hazvina nemusoro wese. Asi NdiJehovha-Jire, chibairo chakapiwa naShe. Zvakaisvonaka sei!

104 Rimwe zuva, vakawana hurwere mumusasa. Vakanga vasina, zvimwe kuda, vasina vanorapa nezvinorapa. Chii chakanga . . . Mosesi kunze uko neboka rose iri revanhu, kuda mamiriyoni maviri avo, vatana nevaduku, nevarwere pamwe nevose; pavakabuda murenje, pakanga pasina kana mumwe chete aiva nehutera pakati pavo. Asi zvino cherechedzai pavakanga vari kunze uko, ndokutadza, zvino nyoka ndokutanga kuvaruma, pakanga pasina zvavaigona kuita. Uye Mwari, zvino apo iye Mosesi aingunotaura naYe, akapa chokuyananisa; ndokuudza Mosesi, "Enda unotora chidimbu chendarira. Gadzira nyoka kubvapo, ugoiisa pabango. Uye zvichaitika kuti, aninani achatarisa panyoka iyi achapodzwa."

105 Mufananidzo wakanaka, zvakare. Ndarira, nyoka pachezvayo, yaitaura pamusoro pechivi chakatotongwa kare; Edheni, apo Mwari pavakapa mutongo pamusoro penyoka, yakanga yatotongwa kare.

106 Ndarira inotaura pamusoro pekutonga kwaMwari, paartari yendarira apo paipisirwa mitumbi yemhuka. Mushure mokunge ropa ratorwa; na nine o'clock dzoga-dzoga mangwanani, twelve o'clock, na three o'clock masikati, magarani eropa aidirwa paartari iyi, pamusoro pemhuka dzakafa, hutsi hutema hwaisimuka. MuJudha wese muPalestine aiwira patsoka dzake, nemaoko ake akasimudzirwa Kudenga; uye, apo hutsi hwaikwira mudenga, minamato yake yaienda pamwe chete nahwo. Zvakanaka. Kutonga kwaMwari; mitumbi yaipisirwa paartari yendarira.

107 Sezvaiva muIsraeri, apo Ahabhu akanga akonzera kuti Israeri ipinde muchivi. Zvino Eriya akabuda kundotarisa matenga; makore matatu nemwedzi mitanhatu, pasina mvura inonaya. Akati, "Anoratidzika sendarira," kutonga kwaMwari.

108 Muna Zvakazarurwa, pavakaona Jesu, muna Zvakazarurwa 1, "Tsoka dzaKe dzairatidzika sendarira," kutonga kwaMwari.

109 Nyoka yaitaura pamusoro pekutonga kwaMwari, pamwe nokupomhodza hasha dzaMwari. Mitongo yaKe ndeyeDenga. Uye, zvino, bango raimiririra muchinjikwa. Uye nyoka yaimiririra Jesu, Ishe Jesu wakarurama; Akadzika pasi akaitwa chivi. Mwari pachaVo vakazvizarura pachaVo mumutumbi, wakaumbwa sewenyama yezvivi, kuti vagobvisa chirwere nechivi kubva panyika. Zvakanaka sei! Imomo Vakagadzira nzira. Jesu akati, "SaMosesi akasimudza nyoka yendarira murenje, naizvozvo Mwanakomana wemunhu anofanira kusimudzwa."

110 Zvino nyoka yendarira yakasimudzirweiko? Nechikonzero chakapetwa kaviri. Vakanga vatadza uye vairwara. Zvino, zvadaro, Jesu akasimudzwa, "akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu; nemavanga aKe takapodzwa," chikonzero chinoreva zvakapetwa. Uye zvichingori zvamazvirokwazvo, manheru ano, kuti Kristu apodze varwere, sezvazviri kuponesa vatadzi.

111 Chinotova chishamiso chikuru kuti iYe aponese mutadzi; Anotofanirwa kushandura nzira dzake. Uye, zvirokwazvo, mushure mokunge ashanduka, anozoziva kuti anotenda sei Mwari kuitira kupodzwa kwake. Munoona here zvandiri kureva?

112 Mumwezve mufananidzo wakaisvonaka, nokukurumidza, wandangofunga, muBhuku raRute. Vazhinji venyu munongomhanya nepamusoro peBhuku iri; hamufungi, musingafungi zvariri. Ndiyo imwe yenyaya hurusa imomo, yemufananidzo waKristu, muTestamende yose yeKare.

113 Muchitsauko 1 che—cheBhuku raRute. Naomi, izwi rokuti *Naomi*, rinoreva kuti "kutapira." Iye, murume wake, pamwe nevanakomana vake vaviri, vakabva muPalestine, mufananidzo wekereke. Zvino vakabva muPalestine, ndokuenda kunyika

yeMoabhu. Zvino ikoko vakazviwanira musha wekugara, kunze kwenyika yavo. Ndiwo mucherechedzo wokudzokera kumashure, sezvakaitwa neIsraeri. MuJudha wose aibuda muPalestine ainge ari kunze kwekuda kwaMwari. Mwari vakapa Palestine kumaJudha, uye ndokuti, "Rambai murimo." Zvino Rute akabuda . . . kana kuti, kwete Rute, asi Naomi.

114 Zvino vanakomana vake vaviri vakaroora. Zvino varume vose vakafa; murume wake pamwe nevanakomana vake vaviri. Akatanga kudzokera kumusha kwake. Varoora vake vakaenda naye chimwe chikamu cherwendo. Mumwe wavo akasimudza meso ake ndokutarisa shure kumusha kwake; akadzokera. Asi Rute, muMoabhi, akaramba kudzokera. Aida amwene vake.

115 Akati, "Dzokera kuvanhu vako. Ini ndachembera. Kana dai ndaizova navamwe vana, ko, . . . " Munoziva mitemo, kuti zvaifanirwa kunge zvakadini mumazuva iwayo, imi vadzidzi veBhaibheri. Akati, "Kana ndikava nemwana, achange . . . uchange wakurisa zvokumudarika iye paanezenge akura. Saka dzokera hako, uye unogona kuroorwazve." O, ndinozvida izvi.

116 Naomi, zvino, mufananidzo wekereke yechiJudha. Rute, mufananidzo weKereke yechiHedheni. Cherechedzai. Uye zvino, heunoi adzoka, munoona.

117 Rute, ari muHedheni, munamati wechihedheni, akatarisa shure ndokuti, "Ndichaenda nemi. Pamuchagara, ndipo pandichagara. Pamuchafira, ndipo pandichafira. Pamuchavigwa, ndipo pandichavigwa. Regai Mwari wenyu ave Mwari wangu." Ndiyo Kereke yechiHedheni ichigamuchira ruponiso nemuna Jesu Kristu Ishe wedu. Cherechedzai kuti mufananidzo wakanaka zvakadini! Uye ndinoshuvira kuti dai tanga tiine nguva.

118 Chitsauko 2, muna Rute, chinozarura nguva yake yokudzokera, paakanga achangodzoka munguva yokukohwa, mumwaka webhari. Zvino paakaona, achitarisa nyika yechipikirwa, akachema, "Ndiri kushuvira kupinda muPalestine!" Munoona, vakange vari kuchema pavakaona nyika yechipikirwa.

119 MaJudha aya, vari muzviuru, vachipitipidza kupinda muPalestine. Ndiyo karenda yanhasi, hama.

120 Ndinokutaurirai, tiri kurarama kumagumo enzira. Handisi kuzoshamisika napaduku pose kuti pane vakawanda vagere pano, vakwegura, vachaona nguva apo pachange pasisina dombo richasara riri pamusoro perimwe, muLouisville, Kentucky. Zvinogona kuitika mune rimwe gore. Handizive; usazoti ndati gore. Handizive; hapana anoziva. Asi tave pamagumo enzira. Ndinozviziva. Mabhambu ehydrogen nezvimwe atogadzirira kuputika, chero nguva ipi zvayo.

121 MaJhudha ave kudzokera kuJerusarema. Uye nyeredzi ine makona matanhatu yaDhavhidha, mureza wakare-kare

kudarika mimwe yose panyika, uri kubhururuka pamusoro peJerusarema, kekutanga mushure mezviuru zviviri zvemakore. Nguva yechiratidzo!

122 Uye, cherechedzai, apo Naomi, uyo akanga arasikirwa nezvose zvaive nazvo, akange ave kudzokazve mumwaka webhari.

123 Zvino Palestine, nhasi, yave kubukira seruva rerhozi. Zvimwe zvezvinhu zvikurusa zvinowanikwa, upfumi hwenyika dzose dzepasi; mishonga, inowanikwa mugungwa reDead Sea, zvine hukoshi husingatauirike. Palestine, nyika hurusa yemichero yemhando dzemaranjisi; mandimu rimwe chete richirema mapaundi mashanu, potse-potse, anorimwa ikoko. Pafungei, zvose zvichizadzikisa Shoko raMwari reHumwari! Kuenda kumusha, maJudha, achidzoka mumwaka webhaari!

124 Akasimudza maoko ake ndokuchema. Uye vakati, "Heunoi Naomi wouya."

125 Akati, "Musandidana kuti Naomi, nokuti Mwari vakashanda neni zvakaomarara," asiri kuziva zvaakanga ari kuuya nazvo. MuJudha haatombozvizivi kuti kuramba kwake Jesu zvakangopao Muhedheni mukana wekupinda. O, ndinongozvida. Cherechedzai, zvadaro, apo paakasimudza meso ake, akachema.

126 Zvino cherechedzai, zvino vakatozotora . . . Akanga atorerwa nhaka yake yose, saka vaitofanira kuti vawane chekuti vararame. Rute, ari mudzimai muduku, akanaka pachiso, akaenda kuminda yaBhoazi, kunokohorora. Ndizvo zvaiitwa nevanhuwo zvavo; varombo.

127 Ndinoda kuti mucherechedze zviri mufananidzo weKereke. Ikereke ine hurombo. Rute, ari mufananidzo weMwenga wechiHedheni zvino, akatevera mushure mevakohwi, kuti anonge madzinde mashoma aiva negorosi paari; obva abvisa tsanga dzegorosi kubva muzvikwande sezvizvi, mutsaga, kuti vararame. Kukohorora, asina kupfeka shangu, muminda yaBhoazi.

128 Zvino Bhoazi ndiye aive tenzi wegoho, achimiririra Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, cherechedzai, Tenzi mukuru wegoho. Zvino akauyako, kozotarisa minda yake. Akaona vakohorori kunze uko; akaona vakohwi. Zvino paakakandira meso ake kuna Rute, akabva awira murudo naye; Kristu, neKereke yaKe.

Akati, "Ko ndeupi musikana ari kukohorora mumunda?" Vakati, "Rute. Akadzoka naye."

129 Kereke yechiJudha, iri pasi pokutungamirwa neShongwe yeMoto, iri pasi pokutungamirwa naJehovha, vakagadzira nzira, yeTestamende Yekare, yeMukristu weMweya Mutsvene weItsva.

Akauya Naye pamwe chete navo. O, dai tanga tiine nguva yokumbomira pane izvi kwechinguva, cherechedzai, kudzoka.

130 Zvino akati, "Itai kuti auye kuno azogara mumumvuri, agodya chimwe chikafu pamwe chete nesu." O, dai tanga tiine nguva tambonyatsosimbisa ipapa.

131 Cherechedzai, zvadaro, Bhoazi akamutarisa, akaona kuti aiva "mudzimai ane hunhu wakarurama." Ihwohwo zvirokwazvo hwaifanira kunge huri *hutsvene*. Saka akafamba-famba akati kuvakohwi vose, akati, "Zvino, imi, kana mudzimai muduku uyu achitevera mushure menyu," asingamuite kuti azvizive, akati, "asi zvino kana achinge auya shure kwenyu, apa neapo, donhedzerai chimwewo chanza chizere kuitira kuti agochitora." O, zvangu ini!

132 Uchitenderera, wova nomusangano muduku neche*kuno*, nomunamato womumba, wosekwa, woitwa jee nevamwe, nevamwe vakohwi. Wonhonga dzinde apa neapo, wobvisa tsanga mumakwande. Wowana maropafadzo maduku pano, wotyaira mamaera makumi mashanu kune mamwe. Asi ndinotenda zvikuru nokuda kwechanza chikuru chizere, apa neapo, Kereke duku yakabarwa patsva inowana parumutsiriro rwakare, chanza chizere.

133 Akanga anonga ichi, ndinofungidzira, ndokuti, "Mwari varopafadzwe." Obvisa tsanga kubva mumakwande. Zvino panguva dzamanheru akanga ava netsaga rizere.

134 Bhoazi, achimiririra Kristu, anoenda muguta, nokukasika. Akange asingadi kuti musikana uyu aende. Ndokuti, "Ndewekwaani?"

Zvikanzi, "Naomi."

135 Zvino kereke yechiOthodox yechiJudha yakabara Kereke yevaHedheni. Ndizvozvo chaizvo.

Akati, "Uyo ndiyani?"

Ndokuti, "NdiNaomi." Saka akaenda . . .

136 Zvino akaenda zasi. Akati, "Iye zvino, ndinofanira kudzikinura upfumi hwake hwose." Zvino, murairo werudzikinuro, muTestamende Yakare, kuti zvaitotora mudzikinuri wehama. Mu—murairo waida, haasi munhu wese-wese aikwanisa kudzikinura pfuma yakarasika, asi zvaitotora munhu aive hama yepedyo; uyezve munhu aikwanisa kudzikinura, akakodzera zvakakwana kudzikinura, ane mari yokukwanisa kuzviita.

137 Zvakaisvonaka sei! O, ini zvangu! Kristu, akakodzera, akakodzera zvakapetwa kaviri! Mambo weKudenga, achiona Kereke duku, yakazadzwa neMweya Mutsvene, achidonhedzera chanza chizere apa neapo.

138 Cherechedzai, nzira yoga iyo Mwari vaigona kudzikinura, Mwari vakatozodzika pasi vakava hama yedu yepedyo. Mwari vaiva muMweya. Mwari vakadzika vakaitwa nyama. "Mwari vaiva munaKristu, vachizviyananisira nyika kwaVari." Saka, kuitira kuti vagodzikinura munhu, Vakatozova munhu, hama yepedyo. Ungazvifungidzire here Mwari vachidzika pasi, vakaitwa nyama? Rudo!

139 Ko mujaya angaitireiko mwenga wake muduku uyo waanoda sechido chemoyo wake? Ibofu. Anoita chese-chese. Hongu, changamire. Anomuda. Hapana chinogona kumumisa; ari kuzomuwana.

140 Ndiyo nzira yakaitwa naMwari paVakaona Kereke. VakaIda. Hapana chakanga chiri kuzomisa. Vakanga vakagadzirira kupira hupenyu hwaVo, uye Mwari vakadzika vakapinda mumutumbi wenyama. Akakodzera, Mambo woKudenga, akaitwa hama yepedyo. Zvino, Mwari, mushure mokuuya kwaVo munyama, muna Jesu Kristu, vakava Mudzikinuri wehama.

141 Tarirai Bhoazi. Zvino, asati akwanisa kuva naye, akatobvunza kana paivepo nemumwe munhu, hama yepedyo, yaigona kuitora, kumutora. Saka kuitira kuti . . . Pakanga pasina mumwe aigona kuzviita, nokudaro akatozopupura pachena pamberi peIsraeri, kuti akanga adzikinura Naomi. Zvino akadzikinura Naomi, kuitira kuti agowana Rute. O, zvangu ini!

142 "Akauya kune vekwaKe, zvino vekwaKe havana kuMugamuchira." Asi aifanirwa kudzikinura Naomi, kuti agowana Rute. Maona? O, mufananidzo wakanaka zvakadini! Ungandiudze iwe kuti Shoko raMwari harina kufemerwa? [Hama Branham vanonongedzera Bhaibheri ravo—Mupepeti.] Chikamu chose chaRo, chinotaura nezveKuuya!

Uye Rute, zvino akamirira.

143 Zvino Bhoazi, mambo wegoho, kana kuti tenzi wegoho, anoenda kunze kwemasuwo, ndokudana vakuru vose veguta; ndokupupura pamberi pevanhu, kunze kwemusuwo. Akati, "Zvionerei, imi mose vanhu!" Akakumura shangu yake, ndokuikava achiibvisa pamberi pavo, sechapupu. Akati, "Ini, nhasi, ndadzikinura nhaka yose yaNaomi yakarasika. Uye zvose zviri zvake ndezvangu, nhasi." O, zvangu ini!

144 Chigadzirirai, hezvinoi izvi. O, ndiri kungonzwa chimwe chinhu chiri kufamba. Cherechedzai, Kristu, pamberi pevakuru veIsraeri, akatungamirirwa kuenda kunze kwemasuwo eguta, ndokupa chapupu. "Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu; nemavanga aKe takapodzwa." Chapupu pamberi pevanhu, Akadzikinura Kereke kubva kune (chii?) nhaka yayo yakarasika. Mubindu reEdheni, takanga tisina kana hurwere; bindu reEdheni, takanga tisina chivi; bindu reEdheni, takanga tisina rufu. "Nokudaro Mwari vakada nyika, Vakapa Mwanakomana waVo akabarwa ari oga," akapa chapupu kunze kwemusiwo,

kuti Akanga apa nzira yokupunyuka nayo kune avo vose vaida kuuya. Mufananidzo wakanaka zvakadini! Ndinotarisira kuti muri kuzviona. Zvino Ishe varopafadzwe!

Zvino sokuona kwandiri kuita, pamwe, nguva yangu yave kupera.

145 Mwari vachigadzira nzira yavakapa, Vakaigadzira muna Jesu Kristu. Apo Jesu akakwira chikomo cheGorogota, akakuvadzwa, achijuja ropa, muchinjikwa uchikweva nepane matsimba ane ropa paainge Achikwira chikomo. Akakwirako; chapupu pamberi pevanhu, "Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu; nemavanga aKe takapodzwa." Akafa, ndokukwira Kudenga. Munozvitenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Uye ndokutumira zvipo zvemweya kuKereke, achigadzira nzira yaakapa. Uye mufaro uyu watiinawo mumoyo yedu zvino, unongori rubatso, mari yokufanobatira, yezvazvichange zviri kana tadzikinurwa zvizere. Uye kupodzwa naMwari uku kwatinako zvino rubatso chete rwerudzikinuro rwemuviri wedu. Takadzikinurwa. Mwari vakagadzira Chipiriso chavakapa.

146 Ndinochifanira kumira, vashamwari, nokuti vanhu vave kusimuka vachibuda panze.

147 Ndakati kumudzimai wangu, pane rimwe zuva, "Ndakaparidza kwakaita sokunge, handizivi kuti inyika ngani dzakasiyana, muguta rose muUnited States. Zvino Louisville, Kentucky ndiyo nzvimbo yoga iyo vanhu vanosimuka vachibuda panze pandinenge ndichiparidza." Ndizvozvo chaizvo, kumba, munoona, nzvimbo yoga yandati ndamboona.

148 Kana paine mumwe akazvicherechedza, vakange vari mune mimwe misangano pamwe neni, simudzai maoko enyu, muimba yose. Ichokwadi.

149 Kwakapoteredza, kumwe kwese, uye handina kumbova nazvo muupenyu hwangu asi kuno munzvimbo yekumusha kwangu, Louisville, Kentucky. Vanhu vanonyatsosimuka vobuda panze, paunenge wave kunyatsoisa Evhangeri mugwara rokugadzirisa. Vanozviita. Uye hakuna kumwe kwandakambozviitirwa, kupi zvako pasi rose, kwandakamboenda; kana nekuAfrica, nedzimwe nzvimbo dzose, Sweden, Norway, apo painge pagere makumi ezviuru. Mumaonero angu akazvininipisa, handina kana kamwe kandakamboona munhu mumwe achienda, achisimuka nokubuda panze, apo ndinenge ndichiparidza; ndepano pega.

150 Munoona, vashamwari, svondo rino ndarwisa zvikuru kuedza kupa kunzwisisa vamwe vevanhu, kuti . . .

151 MaShoko aJesu Kristu, hazvina basa kuti chingava Chii, anofanira kunge ari emazvirokwazvo. Akati, "Muporofita haangashaiwa kuremekedzwa asi pakati pevanhu vokwake, munyika yake." Zvino ndizvo chaizvo. HavatomboRigamuchiri.

Handizivi kuti sei. Jesu akadaro, saka ndizvozvo. Ndine vanhu munyika ino, avo potse-potse vangatoda kundifira. Vanondida. Asi pane zvamazuva ose, iShoko raMwari; uye Mwari vanofanirwa kuchengeta Shoko raVo, kuti vange vari Mwari. Ndizvozvo chaizvo.

152 Uye wese akambova mumisangano kare, kunze kwepano, takava nemashura nezviratidzo zvakashomekesa zvakaitwa mune upi zvawo musangano wandakamboona wakareba seizvi—seizvi. Kazhinji panenge paine mapofu, matsi, mbeveve, zvirema, nezvose, mahwiricheya akaunganidzwa mukona, nevanhu vachienda kwakasiyana-siyana, nenhowo nemasitirecha.

153 Uye panongori chete, pakuziva kwangu, panga paine vanhu vaviri vanga vagere pano. Ndakamboona mumwe wavo, munguva yakapfuura, mukomana uyu pano, agere apo. Ndakaona Mweya Mutsvene amire pamusoro pake pane umwe usiku, akauya pedyosa . . . Ndaigona kunge ndakataura kupodzwa kwake, zvino pandakanga nda . . . ndisati ndapedza kuparidza; asi ndakaUona uchidonha uchisuduruka paari, ndokutanga . . . Chimwe chinhu chakapfuura nepanzvimbo yaaive apo, ndokuUdzivisa kuve paari. Ndiye munhu woga wandaona angadai achitambudzwa neipi zvayo nzira, kunze kwevanhu vashoma vasinganzwi, kana vakauya kupuratifomu, vavakandiudza nezvavo. Handizive. Asi hezvoka izvo. Kumba. Pakati pevanhu vekwako.

154 Zvino, kushamwari yangu yakanaka, vaMcSpaddin, vaMcDowell, pamwe neavo vagere mumba ino, manheru ano, avo vandakaedza kutaurira izvi. Uye nemi vanhu vari muJeffersonville, vanobva mutabhenakeri, munoona here zvandiri kutaura? Hamukwanise kushandura Shoko raMwari. Richagara narinhi rakadaro, nokuti Jesu akataura kudaro.

155 Zvino, kune avo vanhu vanga vari kundigombedzara kuti ndidzoke kutabhenakeri, munoona here kuti sei? Apo paigona zvichida kunge paponeswa vanhu makumi mashanu svondo rino, iko kuno, murumutsiriro; pamwe vasina kuwanda zvakadaro, pamwe kwete gumi, sokuziva kwangu. Apo, zvinotarisirwa, mumazuva masere, vaizowanda kusvikira mazana nemazana nemazana, kune imwewo nzvimbo. Maona? Munoona mutsauko? Kumba. Pakati pevanhu vako.

156 Kwete nechikonzero chokuti havandidi, asi nokuti Jesu akataura kudaro. "Zvino paAkaenda kune vanhu vokwaKe, chinhu choga chaAkagona kuita kwaive kuisa maoko pamusoro pavanhu vashoma vainge vari kurwara nokuvapodza; hapana mabasa makuru Aakakwanisa kuita." Ndizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Kutaura Gwaro. Uye ndiyo nzira yazvinofanira kuve. Ndizvozvo chaizvo. Handini, pamusoro pazvo. NdiYe. Anongori iYe. Dai ndaive mupodzi . . .

157 Ndine munun'una arere muchipatara, manheru ano, uyo Mwari vakandiratidza, gore rapfuura. Uye ndinofungidzira kuti pane mazana maviri ezvapupu ipo pano, zvemukomana akasimba aine utano. Asi Mwari vakatumira chiratidzo ndokuti, "Ari kutisiya." Uye hazvina basa kuti kwaitikei, ari kutisiya.

158 Chiremba akati, nguva shoma yapfuura, "Tinogona kumuponesa." Asi havana, uye havasi kuzozviita.

159 Ndakaona Mweya Mutsvene uchiuya, ndokuonesa chiratidzo, ndokutara paizova neguva rake, ndokuti, "Ndiye ari kutevera." Uye ndizvo zvazvichave. Vangani vakandinzwa ndichizvitaura, kare, kare, kare nguva yakapfuura? Simudzai maoko enyu. Ndizvozvo, ndipo apo mukomana uyu paaive hofori, akasimba, uye aine utano. Anotongofanira kuenda. Ndizvo zvoga. Sei? Dai ndaiva mupodzi, ndaimupodza. Ndewangu chaiye, munun'una wangu ini.

160 Asi kana Mwari vataura, Mwari vanochengeta Shoko raVo. Uye ndicho chikonzero ndichiziva, ZVANZI NAJEHOVHA. Ndinofira paIri, nokuti Ishoko raMwari uye AnoRichengeta. Akapa Nzira, uye ndine mufaro kuIgamuchira manheru ano, Ishe Jesu Kristu. Hamusiwo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Dai maropafadzo aKe emuna Ziendanakuenda azorora pamusoro penyu.

161 Uye zvakare ndinoti, Chibairo chakapiwa naMwari, manheru ano, nzira yokupunyuka nayo, iri muna Jesu Kristu. [Chibenga patepi—Mupepeti.] Zvadaro, Jesu Kristu akapa kereke kune avo vasingatendi, kuitira kuti vagouya mairi vagoona kuratidzwa kwekumuka kwaKe, vagoziva pasina kana nekupokana kwese kuti Akamuka kubva kuvakafa. Jesu akamuka kubva kuvakafa, achigadzira nzira yakapiwa, kune uyo anoda anogona kutarira orarama. Asi kana ukaramba kutarira, pane chimwe chaungaite here kunze kwekufa? Jesu akati, "Kana mukasatenda kuti ini ndini Iye, muchafira muchivi chenyu." Ichokwadi.

162 Vashamwari, ndakaedza nguva dzose kufamba nepakati penzira. Unorasikira mune zvine hurongwa, zvakanyatsorongeka pamwe netsika sokukwanisa kwavo, vanhu vokambira kutora zvakadaro. Zvino kana mukasangwarira, munorasikira uko kune rimwe divi, muchipengereka sokukwanisa kwese kwaungagona. Asi pane pakati penzira, apo Evhangeri yechokwadi, yakatsiga, yakakwana iri kuparidzwa, uye Mwari vanouya neimomo, vachisimbisa Chokwadi. "Suwo rakamanikana, uye nzira yakatetepa, asi vashoma vachavepo vachaRiwana." Zvakanaka.

163 Kunemi boka duku revanhu varipano manheru ano, vagere pano, dai rudo rwaMwari rwakufukidzirai manheru ano. Uye kunyanya varwere, vanoshaiwa, ndinonamata kuti pasazova nomumwe wenyu anoenda kumba asina kupodzwa. Dai

ndiine zvandaigona kuita nezvazvo, ndaizozviita nemufaro; asi handikwanise kuzviita. Chinhu choga chandinogona kuita kuMuratidza kwamuri, nenzira yechipo chaMwari.

164 Zvino kana ndikataura Chokwadi, kuti Mwari vakapa Chibairo; uye Chibairo ichi, Jehovha-Jire, aive Jesu Kristu. Uye mazita ose akapetwa manomwe, erudzikinuro aigara muna Jesu Kristu. *Jehovha-jire*, "chipiriso chakapiwa naShe." *Jehovha-rafa*, "Ishe vanopodza zvirwere zvenyu." Uye *Jehovha-*. . . "mureza." Ne—nemamwe ose, mazita manomwe akapetwa, aiva ose muna Jesu Kristu. Zvino ndipo apo pane mifananidzo nemimvuri, yemuTestamende yeKare, yose yakauya ndokusangana muna Jesu Kristu. Akabhadhara mubhadharo wepamusorosoro, ndokukwira kuMusoro, ndokutumirazve Mweya Mutsvene, manheru ano, unova nzira yakapiwa naMwari yekupunyuka kwako.

165 [Chibenga patepi—Mupepeti.] . . .taive nenguva yokupinda mazviri.

166 Ndiri kuona vachenjeri vachirongedza zvinhu pangamera dzavo, nokukasika. "Uri kuenda kupi, mudiwa?" mudzimai akadaro.

167 "Ndiri kuenda kunoona Mambo muduku azvarwa, kure uko muPalestine."

"Zvakanaka, hauna kana kutombotora kampasi yako." Akati, "Handina basa nekampasi."

168 "Ko uchapfuura sei nemumagwenga, nemipata, nemuzvikomo, usina kampasi?"

169 Akanongedzera kumusoro kuNyenyedzi, ndokuti, "Ndiri kuenda nenzira yakapiwa naMwari." Nyeredzi yakamutungamirira yakananga chaiko kuna Jesu.

170 Zvino teererai, tisati tavhara. Mwari vane nzira yavakapa pano manheru ano; kwete kubudikidza nekereke, kwete kubudikidza nedzidzo yebhaibheri. Asi kubudikidza neMweya Mutsvene, unokutungamirira kunzvimbo yakapiwa naMwari yokucheneswa kwako, kupodzwa kwemuviri wako, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kumufaro, rugare, nezvose zvaunoda. Jesu Kristu ndiye chibairo chakapiwa naMwari.

171 Uye ndinoti Akamuka kubva kuvakafa, ndokukwira kuMusoro, ndokutumirazve Mweya Mutsvene senzira yakapiwa naMwari yokutungamirira Kereke. Akati, "Haazotauri nezvake pachaKe, asi Achapupura pamusoro paNgu," Jesu akataura kudaro. "Uye kana Auya, Achaunza zvinhu izvi kundangariro dzenyu, uye achakuratidzai zvinhu zvichazouya. Nokuti zvinhu zvandinoita muchazviitawo zvakare. Nyika haizozvioni, asi imi muchazviona. Ndichange ndinemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo echizvarwa."

172 Inzwei, Louisville, Mharidzo yangu yokupedzisira kwaMuri! Chibairo chakapiwa naMwari ndiJesu Kristu, Uyo akamuka ari pano ari kupa simba kuKereke kubudikidza neMweya Mutsvene. Ichi ndicho Chiedza. Fambai maChiri, muwane zororo kumweya yenyu, kupodzwa kwezvirwere zvenyu.

Ngatinamatei.

173 Baba voKudenga, O Mwari, kana zuva . . . Zasi pakadzika pemweya wangu, ndinoshamisika, apo ndiri kushamiswa, ndichiona nyika huru yakanaka yeAmerica, pamwe nokuona mabhambu makuru ayo kure uko ari kuunganidzwa mhiri kwegungwa. Vanhu vane utsinye, vasina humwari vari kuramba Mwari, vari kuramba Ishe Jesu Kristu, Mweya Mutsvene, nehuipi hwese pamwe nehunhubu, uye nezvombo zvose izvo Satani anogona kupakira mupfungwa dzavo kuti vaparadze nyika ino, nokuita chaizvo sezvaMakataura kuti zvaizova, "kuipisa nemoto." Kunyange vakuru vesainzi vemunyika vari kuti, "Mukati memakore gumi kuchava nokuparadzwa zvachose, hakuna anosara, hapana chinenge chichirarama panyika; zvatsvairwa nebhambo rehydrogen."

174 O Mwari, varume nemadzimai vagere pano, vasina kugadzirira manheru ano. Manga muri, kubwinya kwatiri, svondo rino. Tagara munzvimbo dzekuMatenga muna Jesu Kristu, uye tinoKutendai nokuda kwevatsvene vemuLouisville. Mwari, dai vakaenda vachibva pamusangano uno, vaine inzwi rokuyambira, kune vose vakapoteredza.

175 Baba voKudenga vanoDikanwa, ndinonamata kuti Mugotumira mumwe munhu muno aine rumutsiriro rwakare, rwuchaputsanya madziro akapoteredza Louisville. O, zviitei, Mwari. Dai vadikanwi vakawanda vaunzwa pazivo inoponesa yaIshe wedu Jesu Kristu.

176 Ndaita nokukwanisa kwangu kwose, Ishe Jesu, zvose zvandinoziva kuti ndiite, kupa inzwi richipikisana nechivi nokukwanisa kwangu kwese kwandinoziva, uye Imi matiitira isu zvinodarika nokubwinya. Masimbisa Shoko rose nemashura nezviratidzo. Tinokutendai. Zvino, Baba, zvichaitika, tinozvikumikidza zvose kwaMuri. Kuda Kwenyu ngakuitwe.

177 Ropafadadzai Hama Cauble, Ishe, hama yedu. Ropafadzai vose vashandi vavo, pamwe nevamwe vose vashumiri. Tinofunga pamusoro peHama Durban vaduku, zasi kuno, nedzimwe hama idzi dzakapoteredza kuno, vari hama dzakanaka; vari kuedza nepose pavanokwanisa kurwisana nechivi nehuipi, hwiski nekunwa doro, nokuita zvisina maturo, nekutevedzera voruzhinji, kana zvose zviri muguta. Vari kuedza kupa izwi reyambiro. Mwari, ropafadzai varume ava mugovazodza neMweya Mutsvene. Zviitei, Ishe. Dai vakava vatariri vakanaka, vane kubudirira kukuru pakudana vanhu kubva murima, vachipinda muchiedza chinoshamisa.

178 Uye zvino, Ishe, mushumiro yokuvhara, manheru ano, haMungauyewo here? Chingouyai kamwezve, Mweya Mutsvene mukuru, Simba raMwari, mugotifukidzira nemaropafadzo eNyu. Uye dai Mutumwa waMwari amira pano papuratifomu, sechapupu cherumuko rweChipiriso chakapiwa naMwari, Ishe Jesu Kristu. Uye dai Akaita mashura nezviratidzo zvikuru, mukusimbisa Shoko. Nokuti tazvikumbira nemuZita raKe, Mwanakomana weNyu anodikanwa, Jesu Kristu. Ameni.

179 Dai Mwari vakuropafadza, shamwari yeChikristu. Zvino ndave kuda kunamatira vanorwara. Ndinoda kukubvunzai zvino, nguva yacho isati yasvika. Pane mumwe munhu here ari muno mumba ino, asati aponeswa, asati nazvino, kana kutombotendeuka, achikumbira Kristu kuti aregererwe zvivi zvake? Ndiri kukubvunza pachena, inongori nzira yakakwasharara. Uye ndinotenda kuti uchava murume kana mudzimai anokwanisa, mukomana kana musikana, kuzviita. Kana usati wambogamuchira Jesu seMuponesi wako pachako, uye uchida kuzviita iko zvino, ungasimukewo here netsoka dzako semutendi, woti, "Ini zvino, kubvira panguva ino, ndichava mutendi muna Jesu Kristu." Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei, amai.

180 Uri kupupura kutenda kwako muna Jesu Kristu, pauri kuzviita. Kuda mweya mishanu, dai vafa maminiti mashanu apfuura, vangadai vaenda muna Ziendanakuenda dema. Kana vakafa zvino, vakafukidzwa neRopa.

181 Mumwezve, ari papi? Kumashure chaiko, Mwari vakuropafadze. Hongu, hama yangu. Mwari vakuropafadzei, hama. Uyo, Mwari vakuropafadze. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Ndizvozvo chaizvo. Zvinongori zvakare zvakakwasharara . . . Mwari vakuropafadzei, hama, kugamuchira Jesu. Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadze. Kumusoro mubharikoni, papi? Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi.

182 Zvinoshamisa. O, ini zvangu! Ndinoshuva kuti dai tanga tiine nzvimbo kuno yebhenji rakare rokuchemera nokudana vanhu kuartari. Ndizvo zvatiri kuda iye zvino.

183 Vangani vari muno vanoti, "Hama Branham, ndanga ndiri mutadzi, asi iye zvino ndave kureurura, ndichigamuchira mumoyo mangu, Jesu Kristu, Chibairo chakapiwa naMwari"? Vanenge madhazeni maviri vasimuka. Mungasimukawo here muchiti . . . Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadze, mujaya. Zvakanaka. Mwari vakuropafadze. Mumwezve ngaamire, achiti, "Iye zvino ndave kugamuchira Jesu Kristu zvino, seMuponisi wangu. Ndiri kupupura pachena, pamberi pevanhu nepamberi paMwari, kuti iye zvino ndinogamuchira nzira yaMwari yokupedza chivi changu, Jesu Kristu."

Pangadai paine mumwezve here, nechekuno uku, kwese-kwese? Mwari vakuropafadze, mujaya. Ndihwo humhare. Mwari vakuropafadze. Zvakanaka.

184 Mumwewozve angasimuka, achiti, "Iye zvino ndinogamuchira Jesu Kristu seMuponisi wangu, ndinotora chibairo chakapiwa naMwari chechivi changu"? Mwari vakuropafadzei, baba; murume wechikuru, achena musoro, ari kudedera, asimuka kugamuchira Jesu Kristu seMuponisi.

185 Zvino, Mwari vanoziva moyo wako; Vakanyatsokutarisa. Mwari vakuropafadze, mujaya. Ndakuona uko, iwe wakapfeka bhachi dzvuku, uchisimuka. Zvakanaka, mumwezve, simuka uchiti, "Ndinogamuchira." Mwari vakuropafadze iwe, newe, amai nemujaya vari kumusoro uko. Mwari vakuropafadzei. Dai Mwari . . .

186 Zita rako rinoenda muBhuku reGwayana reUpenyu paunosimuka pachena pamberi peungano ino. "Uyo anoNdipupura pamberi pevanhu, naiyewo Ndichamupupurira pamberi paBaba vaNgu neNgirozi tsvene. Kana ukanyara neNi pamberi pevanhu, Ini ndichanyara newe neZuva iroro."

187 Wanga uri muzvivi here, uye unoda kuregererwa? Pane mumwe munhu zvake here anga asati asimuka, anoda kusimuka, kuti agogamuchira chibairo chakapiwa naMwari chechivi chako, ungasimukewo here? Vamwe . . . Mwari vakuropafadze. Mwari vakuropafadze. Uyo mukomana musoja. Mwari vakuropafadze nechekuno ukuwo, zvakare. Mwari vave newe, hama yangu.

188 Pangava nemumwezve here? Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadze, hanzvadzi. Zvakanaka. Mumwezve here anoda Upenyu Usingaperi, nokugamuchira Jesu Kristu? Mwari vakuropafadze. Hongu. Mwari vakuropafadzei, vatatu venyu, kumusoro mubharikoni.

Izvi hazvishamise here? Vanosvika makumi matatu, kana kudarika, zvino. Zvakanaka.

189 Mwari vakuropafadzei. Ndiyo nzira, kugamuchira Jesu, Chibairo chakapiwa naMwari. NdiJehovha-Jire. Zvakanaka. Mwari vakuropafadze mubharikoni, hanzvadzi yangu, achikupa Upenyu Usingaperi.

190 Iye zvino wave kuwana kufarirwa naMwari. Hapana Mukristu muno, anoziva nezvaMwari, asi anoziva kuti maminitsi mashanu okupedzisira, hupo hwashanduka, zvachose, mumba muno. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Ipapo panguva iyo pakunenge kwava nerima gurusa, Jesu anobva auyapo.

191 Pane mumwe here anoti, "Iye zvino ndinogamuchira Jesu Kristu. Ini . . ." Mwari vakuropafadze, mudzimai. "NdinoMugamuchira, ndinoda kuti zita rangu rinyorwe muBhuku raKe. NdinoMugamuchira iye zvino somutongi

mukurusa wehupenyu hwangu." Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadzei.

192 Pane mumwe here, akadzokera kumashure, anogona kusimuka achiti, "Ndaimbova Mukristu, Hama Branham, asi ndakatetereka, kubva kuna Mwari. Manheru ano, ndave kuuya Kumusha"? Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei, hama. O, Mwari vanokuonai. Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Ndizvo chaizvo. O, zvangu ini! Mwari vakuropafadzei, hama; ndiri kukuonai mubharikoni. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, hama yakasimudza maoko mudenga. Pane mumwe here? Mwari vakuropafadzei, amai. Zvinoshamisa. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Zvinoshamisa. Zvaka . . . Rambai muchiuya. Uye Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi; ndiri kukuonai makamira. Mwari vakuropafadzei, changamire, kumusoro uko papuratifomu, imi makasimudza ruoko rwenyu mudenga. Mwari vakuropafadzei.

193 Kumashure, kumashure-shure, pane angatiwo here, "Hama Branham, ndakadzokera shure; ndave kuuya Kumusha. Ndinogamuchira chinopedza dambudziko rangu, Jesu Kristu, chibairo chakapuhwirwa kudzokera kwangu kumashure. Ndave kuuya Kumusha, iwo manheru ano. Ndave kutogadzirisa ipo pano, iye zvino nokusingaperi. Uye ndinoziva kuti kana . . . "? [Chibenga patepi—Mupepeti.]

Tambanudzai maoko eNyu akazaruka erudo,
Ishe, ndouya Kumusha.

Ndouya Kumusha, ndouya Kumusha,
Handizotetereka zvakare;
Tambanudzai maoko eNyu akazaruka erudo,
Ishe, ndouya Kumusha.

194 Handizivi kuti tingachiimbe here nemahon'era. [Hama Branham vanotanga kuimba nemahon'era *Ishe, ndouya Kumusha*—Mupepeti.]

195 Apo vari kuimba nemahon'era, pane mumwe here pano, asara, anoti, "Ishe, Munondiona pandamira. Ndave kuuya Kumusha iko zvino. Ndaneta nokungombeya-mbeya uku, ndisina rugare rwakagadzikana. Ndiri kugamuchira nzira yeNyu yekubuda nayo, Jesu Kristu seMuponesi wangu. Ndinouya zvino, Ishe, sezvandiri. Ndiri kuuya; ndichisimudza ruoko rwangu. Ndichasimuka ndoita kuti Imi muone, pamwe neungano ino, kuti zvino ndave kutenda, uye ndave kuuya Kumusha"? [Hama Branham vanoimba nemahon'era *Ishe, ndouya Kumusha*—Mupepeti.] Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi.

Ndouya Kumusha, ndouya Kumusha, ha- . . .

196 Wese hake anonzwa mumoyo make kuti anoda kuMugamuchira, ingosimuka netsoka dzako.

Tambanudzai maoko eNyu akazaruka erudo,
Ishe, ndouya Kumusha.

Rambai muchienderera mberi, zvenyu, hanzvadzi.

197 Ndave kuda kukumbirai chimwe chinhu zvino. Munhu wose ambosimuka, ndinoda kuti mumire netsoka dzenyu pandichange ndiri kukunamatirai. Munhu wose ambosimuka, simuka zvakare, kwechinguvana. Chingosimukai, kwese mumba muno. Munhu wose ambosimuka, simuka zvakare, kwese-kwese, mumabharikoni nekwese, kuti tiise munamato. Ndizvo chaizvo. Ndizvo chaizvo. Munhu wese asimuka, ambosimuka chinguvana chapfuura. Uye kana paine vamwe vanoda kusimuka pamwe navo, vachigamuchira Kristu, mungasimukewo here iye zvino. Mwari vakuropafadzei.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

198 Baba voKudenga vane tsiye nyoro, ava vari kuuya zvino sevana veNyu. Vatouya nechekare. Panguva iyo Mweya Mutsvene ataura nemoyo yavo, vasimuka vakaKugamuchirai, uye Mavapa Upenyu usingaperi. Mwari, varopafadzei. Fambai navo muupenyu, Baba. Vamwe vavo vanga vari varanda veNyu, munguva dzakapfuura, asi vakadzokera shure; zvino, manheru ano, Mweya Mutsvene, kubudikidza nokuparidzwa kweShoko, adzika ndokuvazodza. Uye zvino vamira, vachiKugamuchirai, nokuKupai kutenda nokuda kweUpenyu hwavo Usingaperi hwavave nahwo muna Jesu Kristu. NdinoKutendai, Baba. Dai upenyu hwavo hukava nomufaro pamwe nokutapira. Dai hurwere hwagara kure nemukova wavo. Uye dai vararama upenyu hwakareba, hune mufaro; vagouya norugare, muHumambo hwaMwari, pamagumo enyika. Tazvikumbira nemuZita raJesu Kristu. Ameni.

199 Mwari vakuropafadzei. Uye vanhu vakati . . . [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ameni. Mwari varopafadze mumwe nomumwe. Kana wakagara pedyo nemumwe asimuka; vakwazise neruoko, Mukristu, ugovaudza mufaro wauinawo nokuda kwavo.

200 Hatina nzvimbo pano, kuti tivadane kuno kuartari. Hatitomborina kana nzvi—nzvimbo kuno yokuzviita. Mwari vakuropafadzei; mweya mizhinji, yakawanda.

201 Zvino munoziva, maererano neShoko raMwari, kuti chii chaitika Kudenga panguva ino? Ngirozi dziri kupembera. Mireza mitema yaSatani yakundwa; yadzikiswa nokudzingirwa kunze. Uye Ngirozi nemireza yayo yekukunda michena zviri kubhururuka neMudenga manheru ano, uye mabhero emuKubwinya ari kurira, ari kungorira nemimhanzi, apo mutadzi mumwe chete ari kuuya kuna Kristu. Ishe varopafadzwe nokurumbidzwa nokusingaperi! O, zvangu ini!

202 Ndinongotenda kuti tave kuzova neshumiro chaiyo yekupodzwa iye zvino. Hongu? Api? Makadhi omunamato? [Chibenga patepi—Mupepeti.]

203 Ini, pashumiro ino, ndinotora mweya yose, iri mumba muno, pasi pesimba rangu, kuti Mwari vawanirwe mbiri. Chikonzero chandinozvitaurira, zvinoisa Zita raJesu Kristu pamusoro peungano yose. Kana Satani akatanga kuita zvomusara, munozoona zvinoitika. Vanogona kuzobuda vakavatakura nepamusiwo, kunze kwenyika ino, munoona.

204 Zvino, saka munofanira kuteerera. Musasimuke muchifamba-famba. Garai panzvimbo imwe. Zvirwere izvi zvinobva kune mumwe zvichienda kune mumwe. Munoziva, vadzidzi veBhaibheri, kuti ichocho ichokwadi. Maona? Hatisi kutamba nokunamata zvino. Uye handidairire zvichaitika kune vatsoropodzi kana vasingatendi. Zvinzwei! Ndinotaura nemuZita raKe.

205 Zvino, Mutumwa waJehovha, ari pedyo, ndinovimba kuti Mwari vacharatidza rumuko rweMwanakomana waVo.

206 Zvino chiswederai pedyo. Ndinofunga, hanzvadzi, iwe neni takamira pano pamwe chete, kuti hatizivane mumwe nomumwe. Ini handikuzivei. Handisati ndambokuonai. Asi Mwari vanotiziva tose tiri vaviri. Munongori munhu aunzwa kubva muungano. Vamwe vavo vakupai kadhi romunamato, ranga riine nhamba pariri. Mangowana nhamba yenyu, ndokudanwa, zvino muri pano.

207 Zvino hausungirwe kunge uine kadhi romunamato. Wese agere muungano, chingotanga kunamata; muone kana Mweya Mutsvene usiri mumwe chetewo manheru ano, uyo uri pakereke, uri waiva pana Jesu Kristu. Muone kana usiri Iwo. Kana usiri Iwo, kana usiri Iwo, ndinenge ndatsveyamisa Evhangeri kwamuri, zvadaro ndinobva ndava chapupu chenhema cherumuko. Kana Mwari vakazvisimbisa kuti Ichokwadi, zvino ndinenge ndataura Chokwadi, uye Mwari vanenge vati Ichokwadi.

208 Zvino, mudzimai ari pano, handimuzivi, handina kumbomuona muupenyu hwangu. Iye haana kumbondiona, ndinofungidzira. Tangosangana pano, ndizvozvo zvoga. Handimuzivi. Mwari vanomuziva.

209 Zvino, apo Ishe vedu Jesu vaive pano, Vakataura nemudzimai pane imwe nguva, Vakanga vasina kumbomuona muupenyu hwaVo. Akange ari kuchera mvura pane rimwe tsime. Zvino Vakati, "Ndipewo mvura yekunwa." Zvino ndokutaura naye kwenguva yakareba zvakakwana kuti vakwanise kubata mweya wake, zvino ndokumuudza paiva nedambudziko rake.

Zvino mudzimai akati, "Saka, ndiri kuona kuti Muri muporofita."

210 Zvino, Jesu akati, "Zvinhu zvandinoita nemiwo muchazviita, kusvika kumagumo enyika."

211 Mumwe murume akauya mumutsara waKe wokunamatira, pane imwe nguva; aiva murume akarurama. Akati, "Uri Mukristu, munhu wakanaka, munhu anoremekedzwa."

212 Iye akati, "Ko Makandiziva riinhi, Rabhi?" Kana kuti, "Mufundisi, Mudzidzisi," sokuzvidudzira kwaungaite.

213 Vakati, "Firipi asati akudana, pawanga uri pasi pemuti, ndakuona." Nemamwe mashoko, "Wanamata usati wauya kumusangano, uye ndakuona uchizviita."

214 Akati, "Ndimi Mwanakomana waMwari. Muri Mambo weIsraeri."

215 Zvino kana Jesu akamuka kubva kuvafi, zvino anoita zvimwe chete.

216 Zvino, ungano, iye zvino Ave pano, Mutumwa waJEHOVHA. [Hanzvadzi ndokuti, "Ameni."—Mupepeti.] Wave kuzviziva zvino, kuti pane zvichangoitika iye zvino uno. [Hama inoti, "Ameni."] Hachisi chokwadi here? ["Ameni."] Ichokwadi. Iri pano?

217 Zvino, kukupodza, handikwanise. Haugoni kuvanza upenyu hwako, nokuti hausi muhupo hwehama yako; uri muHupo hwaKe. Hachisi chokwadi here? Uye unoMutenda nomoyo wako wose, kuti Mwari vatitumira kuno kuzoedza kukubatsira. Pamusoro pokurwara, iwe pachako, une mudikanwi ari kurwara. [Hanzvadzi inoti, "Ndizvozvo chaizvo."—Mupepeti.] Murume wako. Ane pakatsemuka, haana here? Hongu. Mose muri vaviri mapodzwa. Munogona kuenda kumba zvino. Mwari vave nemi pamwe nekukuropafadzai. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi.

Kutenda kwakareruka kwabata pamwe nokupodza mudzimai.

218 Uyai. Makadini, hanzvadzi? Ndinofunga kuti hatizivane. Hatizivane. Zvino, ndinongori hanzvadzi yenyu. Nokuda kwemwana wenyu mucheche, ndizvo zvamavinga pano. Mumvuri wakasviba wakarembera pamusoro pemwana. Chirwere chake hachirapike, sokutaura kwavanachiremba. Munotenda here kuti Anondizarurira dambudziko remwana? [Hanzvadzi inoti, "Hongu."—Mupepeti.] Nemoyo wenyu wose, munozvitenda? ["Hongu, changamire."] Pakava nechimwe chiitiko chemuchipatara. ["Hongu."] Mwana akambooparetwa. ["Hongu, changamire."] Uye zviri nechemumatumbu. Uye zvinoita sokunge pane bvupa kana chimwe chinhu ipapo chakakanganisika. Uye mwana ane chitaka chakazvimba iko zvino. ["Hongu."] Hachisi chokwadi here? ["Hongu, changamire."] Ichokwadi, handiti? ["Hongu, changamire."]

219 Zvino, anga asiri ini ataura izvozvo. Kwanga kuri kuzvipira kuzere kuna Jesu Kristu. Zvino Hupo hwaKe huri pano. Iye zvino

chinhu choga chandinogona kuita kukumbirira mwana wako kuna Mwari. Munogamuchira kupora kwemwana? [Hanzvadzi inoti, "Hongu, changamire."—Mupepeti.]

220 Kristu, Mwanakomana waMwari, ivaiwo nengoni pamwana uyu ari kufa. Dai akapodzwa iwo manheru ano. Itai, Ishe Jesu, kuti maropafadzo eNyu auye pamusoro pake zvino anozopora, nokuti ndazvikumbira nemuZita raJesu Kristu. Ameni.

221 Mwari vakuropafadzei, amai. Itai kuti ndizonzwa nezvemwana, kuti chii—kuti chii chinenge chaitika. Muri kuzoona mutsauko paari, mumaawa makumi maviri nemana anotevera. Zvino murangarire zvandakutaurirai. Uyo anoziva zvakambovapo, anoziva zvichazovapo. Zvakanaka.

222 Uyai, amai. Muri kutenda nemoyo wenyu wose? Munotenda here kuti Ishe Jesu Kristu vari pano kukupodzai nokukuitai kuti muite zvakanaka? Munonditenda here semuranda waKe? [Hanzvadzi inoti, "Hongu."—Mupepeti.] Muri kuzvinzwa kuti muri muHupo hwechimwe Chinhu chisiri munhu, ndiwo Mweya waKe.

223 Ungano inogona kutadza kunzwisisa izvi. Asi tarisai zvinenge zvichiratidzika pachiso chemurwere paanofamba achiswedera pano. Kwete nokuda kwekuti ndini; handinei nechekuita nazvo. Ini ndinongori inzwi. Asi mudzimai uyu pano, kana vamwe vose, vanonzwisisa nokuziva kuti pane chimwe chinhu chemweya pano. Uye munogona kuchiona sechishamiso. Chishamiso chiiko? Chimwe chinhu chisinganzwisisiki.

224 Zvino, mudzimai uyu, handimuzivi, uye ini kumudzimai; hatizivane; kekutanga muupenyu kusangana, zvichida. Asi Mwari vakatiriritira tose kubvira patakabarwa.

225 Amai, munotenda here kuti, Ishe Jesu mumwe chete akataura nemudzimai patsime, uyo wandamiririra pano manheru ano, kuti mazana matatu. . . kana kuti vanhu zana nevatatu vaMugamuchira seMuponisi? Munotenda here zvino kuti Vanoziva moyo wenyu, nokuziva zvose zvamakaita? Kana Vakandizarurira zvamuri kushuvira zvino, muchazvigamuchira here? [Hanzvadzi inoti, "Ndichazviita."—Mupepeti.] Nyurosisi. ["Ndizvozvo chaizvo."] Ndizvo here? ["Ndizvozvo chaizvo."] Munonditenda here zvino? ["Chokwadi ndinodaro."] Zvino hechinoi chimwe chinhuzve. Mune hanyn'a pamusoro pomumwe mudikani, anova mukomana. ["Ndizvozvo chaizvo."] Zvino mukomana uyu ane dambudziko remoyo. ["Ndizvozvo chaizvo."] Uye inhengo yekereke iri muno muLouisville. ["Ndizvozvo chaizvo."] Kereke yeBaptisti. Chiendai, Ishe Jesu vakuropafadzei uye vagokupai chishuwo chemoyo wenyu. Ameni.

226 [Imwe hama papuratifomu inoti, "Itai, 'Mwari ngaarumbidzwe!'" Ungano inoti, "Mwari ngaarumbidzwe!"—Mupepeti.]

Ingoremekedzai; gamuchirai, tendai.

227 Iye zvino ndinoona mudzimai, mudzimai wechitema, agere, ari kunamata. Ane dambudziko reitsvo. Hamuchisina zvino, amai. Kutenda kwenyu kwakuporesai. Simukai. Mwari vakuropafadzei. Chingotendai, nemoyo wenyu wose, zvino muchava nazvo.

Mweya Mutsvene, chinamato chemuTestamende Itsva! Ameni.

228 Unotenda kuti B.P. ichakusiyai, changamire; mugere apo, makanditarisa? Hongu. Zvakanaka, munogona kuva nazvo. Mwari vakuropafadzei.

ChingoMutendai.

229 Ivai nokutenda, hanzvadzi, makagara apo makatarisa kuno, muri kunamatawo, zvakare. Mune chimwe chinhu chisina kuita zvakanaka pahuro penyu, hamuna here? Mugere uko kumashure-shure seri kwekasikana ako. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai, mudzimai muduku agere apo? Ugere apo uri kunamata kuti nditaure chimwe chinhu kwauri. Ndinoziva kuti chinhano chepahuro pako. Haudi kadhi rokunamatirwa. Unongoda chauinacho, kutenda. Unogamuchira here kupodzwa kwako zvino? Mwari vakuropafadze. Iwe chienda kumba unopora zvino. Ameni.

230 Ivai nokutenda! Tendai nemoyo wenyu wose; Jesu Kristu achaita kuti zviitike. O, ndinoMuda, hamumudiwo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvakanaka.

Uyai, changamire.

231 Ivai nokutenda muna Mwari. Tendai nemoyo wenyu wose. Mwari vachaita kuti zviitike.

232 Makadini, changamire. Wanga uri here mumwe weavo vasimuka, maminitsi mashoma apfuura? Ndiri kuona kuti pachiine Chiedza chakakupoteredza. Wagamuchira Kristu seMuponisi wako. Uri kutambudzika nechinhano chekuhuta-huta. Ndizvo here? Wanga uine tsika yakaipa, kuputa fodya. Mwari havadi kuti udaro. Zviri kukuvadza tsinga dzako dzemanzwiro omuviri, zvokuita kuti udaro. Hachisi chokwadi here? [Hama inoti, "Hongu, changamire."—Mupepeti.] Uri kuda kuti zvipere; iwe siya fodya, iwe wasiya zvose. Jesu Kristu atobata muviri wako kare, uye uchazopora pamwe nekuMushumira. Unotenda here zvino?

233 Kuitira kuti ugoziva izvi. Haugare muguta rino. Unobva kunze kweguta, handizvo? [Hama inoti, "Ndizvozvo chaizvo."—Mupepeti.] Unobva kuIndiana. Wayambuka rwizi. Unobva muguta rinonzi Greensburg, kana zvimwewo zvakadaro, Indiana. Ndizvo here? Zvino wapora. Hongu. Zvino unogona kuenda kumba unopora. Mwari vakuropafadze.

234 Ungano ivai nokuremekedza, ivai mumunamato, ivai muri kutarisira kuti Mwari varopafadze pamwe nekupodza. Ameni. Ivai nokutenda muna Mwari!

235 Iwe wakagara apo, mudzimai, wakasimudza munwe wako *sezvizvi*, uri kurwara ne. . . Unotenda here kuti Mwari vachakupodza iyo B.P. yakaderera yauinayo? Unozvitenda here? Hongu. Unotenda kuti ndiYe? Simuka netsoka dzako zvino ugozvigamuchira. Zvichakusiya, uye unogona kuenda kumba unopora.

Munoti, "Chii chaiita zvakadaro?"

236 Jesu Kristu mumwe chete akatendeukira kumudzimai aiva nechirwere chokubuda ropa, ndokuti, "Kutenda kwako kwakuponesa." Akati Anoziva zinhu zvose, uye anozvizarura sokuda kwaKe. Zvakanaka.

Unzai murwere wenyu. Ivai nokutenda.

237 Makadini, changamire? Munonditenda here kuti ndiri muranda waKe? [Hama inoti, "Hongu, ndinotenda, changamire."—Mupepeti.] Munotenda here kuti muri muHupo hwaKe, kwete hama yenyu. Asi muri kuziva kuti pane chimwe chinhu chiri kuitika? ["Hongu, changamire."]

238 Mumwe munhu ati ndanga ndiri kuverenga pfungwa dzako izvozvi. Handizvo. Jesu Kristu "akaziva pfungwa dzavo." Ndizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Vanhu havasi kufunga pamusoro pezvivi zvavo uye nezvinhu zvavakaita. NdiMweya Mutsvene. Zvakanaka.

239 Tarirai kuno, changamire, mugotenda. Hatizivane here iwe neni? [Hama inoti, "Hongu, changamire."—Mupepeti.] Hatizivane. Pamwe hatina kumboonana muhupenyu hwedu hwose. ["Musangano uno ndiwo woga."] Musangano uno woga. ["Ndizvozvo chaizvo, changamire."] Zvadaro kana paine chimwe chinhu pamusoro pako kana chipi hacho, hurwere hwako kana chipi hacho, Mwari ndivo voga vangatoziva. Kana ndiri ini, handizivi.

240 Asi ndiri kukuona uchiendwa newe kuchipatara. Uchangobva muchipatara. [Hama inoti, "Ndizvozvo chaizvo."—Mupepeti.] Pane chisina kuita zvakanaka neropa, zvizenga zviri kupamuka, kanawo zvimwe. ["Ndizvozvo chaizvo. NdiShe."] Uye wakambova . . . Ndiri kukuona uri mumubhedha, uye panoita sechimwe chinhu chakarembera pedyo newe, chimwe chinhu chinenge bhotoro reropa . . . Iropa. ["Ndizvozvo chaizvo."] Ndiri kuona potsi, piri, tatu, china, shanu, tanhatu, uchangowedzerwa ropa kanomwe. ["Mwari ngaarumbidzwe. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvozvo chaizvo."] Ichokwadi here? ["Ndizvozvo chaizvo. NdiShe."] Ichokwadi. ["Ichokwadi."]

241 Une mudzimai ari kurwara. [Hama inoti, "Hongu. Ndizvozvo chaizvo."—Mupepeti.] Ane gomarara rearthritis, nedambudziko

rechitaka. [“Ndizvo.”] Ndizvozvo here? [“Ndizvozvo chaizvo.”] Uye iwe hausi wemuguta rino. [“Kwete.”] Wabva kumusoro kwerwizi. [“Ndizvozvo chaizvo.”] Wabva kuCincinati. [“Ndizvozvo chaizvo.”] Ohio. [“Hongu. NdiShe.”] Zita rako ndiBerghaus. [“Ndizvozvo chaizvo.”] R. P. ndivo mavara ekutanga emazita ako. [“Ndizvozvo chaizvo.”] Dzokera kumba unopora [“NdiShe Mwari.”] Jesu Kristu akupodza.

242 Ivai nokutenda muna Mwari! Kumuudza zita rake? Ko Jesu Kristu haana here kuudza Petro, “Iwe ndiwe Petro”?

243 Zvino ivai nekuremekedza, vashamwari. Zviratidzo zvinokuita kuti urukutike zvikuru. Manga muri mumisangano, svondo rino, zvino munoziva zvandiri kutaura. Chingovai nokutenda muna Mwari! Tendai! Zvino panga paine chimwe chinhu . . . Mirai zvishoma.

244 Ndiri kuona mudzimai mberi kwangu. Kwete, nde—ndeuyu mudzimai agere ipo pano kwekupedzisira. Uri . . . Handiwe; mumwe munhu anoratidzika zvakasiyana. Mudikani ari muchipatara, uye ane kenza. Uye mudzimai, zvino ari muchinhano chokufa. Muroora wako. Ndizvo here? Kana zviri izvo, simuka netsoka dzako iye zvino ugamuchire kupodzwa kwemuroora wako ari muchipatara. Ishe Jesu Kristu Uyo anoziva zvose nezvazvo!

245 [Imwe hanzvadzi inopembera—Mupepeti.] Zvakanaka, hanzvadzi, iwe uri kuuchira nemaoko ako, uchipembera. Wanga uine chimwe chinhu changa chakakanganisika mumaoko ako, wanga usina here? Zvakanaka, apodzwa zvino, unogona kuenda kumba.

246 Uye iwe ugere pedyo naye apo, wanga uine matombo munduru. Wanga usina here, mudzimai, ugere apo? Simuka netsoka dzako. Unogonawo kuenda kumba, zvakare, unopora. Akusiyai, nemuZita raIshe Jesu Kristu.

247 Ingotendai! “Zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda.” Ivai nokutenda muna Mwari!

248 Unzai mudzimai. Unotenda here, mudzimai, pauri kuuya? Unogamuchira Jesu seMuponisi, uye nokundigamuchira semuporofita waKe?

249 Saka kana zvakadaro uye ini ndapupura pamusoro perumuko rwaJesu Kristu; Uyo Akamira ndokutaura nemudzimai patsime, aiziva chaizvo izvo zvaimunetsa. Akati, “Enda unotora murume wako.” Mudzimai akati, “Uyai, muone Murume andiudza zvose zvandakaita.” Haana kumuudza zvose zvaakanga aita. Asi Aiziva, sekuzarurirwa kwaAitwa naBaba, zvose zvaakamboita. Ndiye here Ishe Jesu mumwe chete akamuka kuvafi?

250 Wakambova netsaona yemotokari. Kwete, une chimwe chakaita sokunge . . . Wanga uri . . . Mweya Mutsvene ndiwo

wauri kutsvaka, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ndizvozvo chaizvo. Uye une . . . Ndanga ndamboona chimwe chinhu, une—une B.P., zvakare, handizvo?

251 Mirai zvishoma, chiratidzo chauya pamberi pangu. O, mudzimai agere apo, ari kunamata. Ndiwe zviya wanga uine . . . Wakakuvadzwa tsoka yako, hauna here? Wakaita tsaona, ndokukuvara tsoka yako. Ndizvo here? [Hanzvadzi inoti, "Ndizvozvo chaizvo."—Mupepeti.] Uye une dambudziko reitsvo. Ndizvo here? ["Hongu."] Uyai iko kuno, pamwe nemudzimai, mose muri vaviri muri kuzopodzwa. Jesu Kristu . . .

252 Hareruya! O, Ishe Jesu vanobwinya, vasingaenzaniswe navo Avo vaponesa mweya wako, nguva shoma ichangopfuura, vari kusimbisa Huvepo hwaVo. Ameni. Teererai pane zvamarekodha pamatepi mugoona kana zvaAnotaura chisiri chokwadi. O, ivai nokutenda muna Mwari! Tendai! "Zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda."

Zvakanaka, Billy, ndiye murwere wako here? Muunze kuno.

253 Kutenda, nemoyo wako wose? Une mudikani ari mudambudziko, zvakare, hauna here? Haasi muguta rino, zvakare. Anoita sokunge ane kakugwinha. Chinenge, chirwere cheSt. Vitus' dance. Ndizvo here? Uye vanogara muguta uko kune rwizi. Iguta guru, uye pane rwizi rwunopfuura nepadivi paro. Uye pane zvakawanda zvi- . . . ISt. Louis. Ndizvo here? Ndizvozvo.

254 Uye une imwe hama zvakare, inova hanzvadzi yako kanawo zvimwe, uye anobva munyika ine zvikomo mairi, miti inogara yakasvibirira. IArkansas. [Hama inoti, "Ndizvozvo chaizvo."—Mupepeti.] Uye ane dambudziko remoyo. ["Ndizvozvo chaizvo."] Chienda, wapiwa zvishuwo zvako naJesu Kristu Mwanakomana waMwari.

255 Ngatiitei, "Ishe Jesu Kristu ngaarumbidzwe, Uyo wakamuka, Uyo wakabva paKarivhari!" [Ungano inorumbidza Ishe Jesu—Mupepeti.]

256 Ivai noruremekedzo. Musafambe-fambe. Mirai zvishoma, tichavhara mumanitsi mashoma. Musafambe-fambe zvakadaro. Zvinondikanganisa. Ndiri kuva . . . pano manheru ano, ndakatarisa. Ivai noruremekedzo.

257 Regai mudzimai auye. Unotenda here kuti unogona kupora, nokutenda, zvino bundu iro rinogona kupera usina kuoparetwa? Unozvitenda here nemoyo wako wose? Unozvigamuchira here iye zvino? NemuZita raJesu Kristu, ngazvive kwauri sokureva kwekutenda kwako. Ameni.

258 Changamire, mugere apo, makapfeka tai tsvuku; muri kurwara netsinga ya—yakatsemuka. Munotenda here kuti Ishe Jesu vanokupodzai? Munozvigamuchira here? Munobva kunze kweguta, zvakare. Ndiri kukuonai muchibva nechekumusoro

kwerwizi, zvakare, Cincinnati. Handizvo here? Zvakanaka. Apo muri vaviri muri kushanda, muri vaviri simukai netsoka dzenyu izvozvi mugopodzwa muZita raJesu Kristu. Mwari vakuropafadzei. Zvakusiyai. Endai kumba; porai.

259 Uya, mudzimai, uine kutenda. Unotenda here kuti dambudziko rechidzimai rakusiya? Unogamuchira here Jesu Kristu semupodzi waro zvino? Hwanga huri hurwa, hwakabuda, uye hungadai nokukasika hwakava kenza. Asi kutenda kwako kwakuponesa. Zvino chienda, upe Mwari kurumbidzwa nokuda kwazvo, uye uchawana nechose chaunokumbira.

260 Uyai, changamire, muchitenda nemoyo wenyu wose. Kana Mwari vakazarura zviri dambudziko renyu, munogamuchira here kupodzwa kwenyu? Dambudziko remoyo. Ndizvo here? Unotenda here kuti Anokupodza iye zvino? Saka, Anozviita. Kutenda kwako kwakupodza. Chienda, uve murugare rwaMwari.

261 Uya, mudzimai. Unotenda here kuti Mwari vachapodza mwana uyo pandiri kuuya papuratifomu? Ane dambudziko reitsvo. Chienda zvino, Jesu Kristu anopodza kakomana kaduku, nemuZita raJesu Kristu. Ameni. Wanga uri kuhuta-huta; zvabva pauriwo, zvakare. Mwari ave newe.

262 MunoMutenda? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ivai nokutenda muna Mwari!

263 Uri kuda kupora chinhano chemuchipfuva? Unotenda kuti Mwari vanochipodza? Kana uchizvitenda nemoyo wako wose, simuka netsoka dzako, mudzimai. Gamuchira kupodzwa kwako. Mwari vakuropafadze. Unogona kuchienda kumba zvino unopora. Zvakanaka. Unotenda here nemoyo wako wose? Ungagamuchira here kupora kwako kana Jesu Kristu, achitaura, ozarura dambudziko rako? Ini newe hatizivane, asi, Anoziva dambudziko rako. Une dambudziko rechidzimai, remadzimai, muchibereko nejeko. Zvino, chienda, Mwari vakupodza. Kutenda kwako kwakuponesa, mudzimai, nemuZita raJesu Kristu.

264 Ngatitii, "Mwari ngaarumbidzwe!" [Ungano inoti, "Mwari ngaarumbidzwe!"] Mumwe nomumwe wenyu anogona kupodzwa panguva ino, kana mukatenda.

265 Zvino, mudzimai, mira pauri ipapo, tarisa kuno. Ungano yose iyi, vazhinji vavo, vanorwara nokuhuta-huta. Dzimwe nguva unombofunga kuti wave kurasikirwa nepfungwa dzako, haudaro? Unohuta-huta zvikuru. Munguva shoma yapfuura wakadonhedza chimwe chinhu; raiva dhishi kana chimwe chinhu, wainge uchifamba uchienda naro. Asi zvino Jesu Kristu akupodza kubva kwazviri, uye iwe uri kuzviziva. Zvino chienda zvako munzira yako, uchipembera.

266 Zvino, nemuZita raJesu Mwanakomana waMwari, ndinodenha mutendi wose ari muno kuti atende kuti ichi

iChokwadi. Munozvitenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Saka, zvino, kana ichi chiri Chokwadi chaMwari chakasimbiswa, ndinzwei. Isai maoko enyu pamusoro pomumwe nomumwe, pandinenge ndiri kukunamatirai. Uye ndinoda munhu wose ari muno zvino kuti agamuchire kupodzwa kwake.

267 Mwari Samasimba, ivaiwo nengoni kune vanorwara nevanoshaiwa. Ndimire pano, zvino kamuri ino yose iri kuita kunge Shongwe huru imwe chete yeChiedza zvino. Ndichiziva kuti pane mumwe amire pedyo akandibata nemaoko ake, akaiswa pamusoro pemahengechepfu; aropafadzei, Ishe, kuti varwere vagopodzwa. Vanhu vose ava vane zvishuwo vari pano, vakaisa maoko nezvanza zvavo pamusoro pemumwe nomumwe. Dai Simba, nzira yakapiwa naMwari, Mwanakomana waMwari, muSimba raKe guru nokubwinya, ritsvaire nepamusoro peimba ino semhepo huru ine simba iri kuvhuvhuta, uye—uye rigopomera chirwere chose, nokudzinga mweya yose yakaipa.

268 Zvino ndinotsiura Satani, nokupupura kukunda pamusoro pake iko zvino. Zvino buda, Satani, muvanhu ava, nemuZita raJesu Kristu.

269 Zvino regai munhu wose ari muno, anotenda kuti Jesu Kristu anomupodza, vasimuke netsoka dzavo vagopa Mwari kurumbidzwa, nemuZita raJesu Kristu.

270 Mwari, nemuZita raJesu Kristu, vanogamuchira zvino kupodzwa kwavo.

Mwari Vane Nzira YaVakapa SHO54-0404E
(God Has A Provided Way)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 4 Kubvumbi, 1954, paMemorial Auditorium muLouisville, Kentucky, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org